



**Yon ti koze ak
ekriven an**

Wilmeus TAMAR, se moun Gwomòn depatman Latibonit, dènye pitit manman ak papa li. Mwen te fè etid primè mwen nan lekòl Sent Magerit kay mè sent Terèz yo, epi etid segondè mwen nan Lise Jacques Stephen Alexis Bassin-Bleu ak nan Collège Véréna de Delmas II nan Pòtoprens. Mwen Diplome nan lekòl Enfimyè Louis Pasteur, epi mwen se kòdonatè /Fondatè Organisation Nationale des Jeunes et d'Encadrement Sanitaire pour une Formation Intégrée, (ONJESFI). Mwen gen konesans nan koze enfòmasyon ak nan plizyè lòt syans ki sanble ak metye sa a.

Paran mwen yo pa gen gwo mwayen, men diyite ak respè se mak fabrik yo pou te tanmen levasyon nou.

Mwen te soti premye ganyan nan konkou tèks ilistrasyon Biwo Sekretè d Eta pou Entegrasyon Moun Andikape yo te reyalize nan mwa Novanm 2015 la pou vèsyon kreyòl la.

Mwen ankouraje nou, pou nou ankadre moun andikape yo, epi se konsa Kreyatè a Linivè a va jete lagras li sou nou.

WILMEUS TAMAR

ANDIKAP,

Diskriminasyon se Chimen Pèdisyon



**POU SANSIBILIZE SOU RESPÈ DWA
MOUN ANDIKAPE YO**

Mwa Jwiyè 2016

Volim I

Pòtoprens, Ayiti

Ede yon moun Andikape, se prepare demen ou. Wilmeus TAMAR

Diskriminasyon se Chimen Pèdisyon

Avèk

WILMEUS TAMAR

POU SANSIBILIZE RESPÈ DWA MOUN ANDIKAPE YO

*Diskriminasyon se chimen pèdisyon
avèk Wilmeus TAMAR*

3

Ede yon moun Andikape, se prepare demen ou. Wilmeus TAMAR

Lalwa pa pèmèt pèsòn kopye travay yon atis oswa yon ekriyen, nou dwe jwenn konsantman li otè a.

*Pou tout kòmand liv sila a
rele nan nimewo sa yo... (509)3837 0171 ou 4273 7029
Osinon nou ka fè li sou entènèt ekri nou sou :
wilmtam@gmail.com/ lefilsdestemarie@gmail.com*

Revizyon ak Koreksyon :

Onjesfi- HAITI

Paj kouvèti :

- Wilmeus TAMAR

***Diskriminasyon se chimen pèdisyon
avèk Wilmeus TAMAR***

Dedikas epi remèsiman pou moun sa yo ansanm ak enstitisyon sila yo kite kontribye nan fason pa yo pou reyalize travay sa a.

Si yon sèl dwèt pa manje gonmbo. Fòk nou pa tann moun nan ap nwaye, pou nou vin montre li naje.

Se menm jan an tou, se sèl konbit tèt ansanm ki pou ede nou reyalize tout bagay. Se nòmal, nou toujou bezwen koutmen, yon lòt pou nou avanse. Pèsòn pa ka konte kantite so, li te pran lè li t ap kenbe ke wòb manman li, pou li te tanmen mache.

Travay sa rive posib, avèk lagras mizerikòd Bondye kreyatè linivè a, ki te enspire mwen ak bonbade lespri mwen ak lide sa yo, pou mwen kapab pataje ban nou. Se pou non li gaye sou tout fas latè a.

Mèsi pou paran mwen yo, ki te mete mwen lekòl pou mwen te jwenn ti kras konesans anplis, Mesye Léon TAMAR , Gertrude Pasterin ki se manman epi papa mwen, se pou nanm manman mwen repoze anpè pou Kreyatè a resevwa li nan lakay li.

Mesi pou frè epi Sè mwen yo,

- *Anglade TAMAR, enjenyè*
- *Leonide TAMAR , Kontab*
- *Pè Frandry TAMAR cs*
- *Odelia TAMAR, Ekonomis*
- *Germie TAMAR, Enfimyè*
- *Francklin TAMAR, Avoka/Journalis*

*Mèsi espesyal pou Mesye Tanaël TAMAR,
Neltha ansanm ak tout zanmi ki toujou swiv nou, sou
paj facebook nou an.*

*Mwen dedye travay sila pou tout etidyan
Pwomosyon Grégoire Mendel de L'Institut Louis
Pasteur.Mwen salye mis Jean Johanne ansanm avèk
etidyan enfimyè ILP yo.*

*Mwen pwofite pou mwen dedye li pou estaf, ki
nan direksyon Syans Enfimyè a nan Institut Louis
Pasteur, Madam Caneline Brice Jean Baptiste, Miss
Anise, ansanm monitris yo.*

*Dedikas espesyal pou Wingie Charles, Milord
Cassandra, Wagnac Katiana, Pierre-Louis Milfort,
Levêque Gary, Mareus Osner, Honorat Richenot,
Mildraide...*

Ede yon moun Andikape, se prepare demen ou. Wilmeus TAMAR

*Mwen pa ka pa di remèsye Biwo Sekretè Deta
pou Entegrasyon moun Andikape yo, ki te ban mwen
yon prim pou tèks ilustrasyon mwen an.*

**Diskriminasyon se chimen pèdisyon
avèk Wilmeus TAMAR**

somè

Sijè yo

Paj yo

Dedikas , Remèsiman.....	8
Ti koze douvan pòt	10
Chapit premye , prezans lèzom sou latè...17	
Chapit dezyèm , kalite diskriminasyon yo..28	
Chapit twazyèm , Diskriminasyon se chimen pèdisyon.....	41
Chapit kat , Meprize yon moun andikape, se meprize Kreyatè a.....	66
Chapit Senk , Andikape ak lavi Politik.....	78
Respekte dwa moun andikape yo, se yon obligasyon.....	84
Sosyete a, rann moun nan Andikape.....	89
Chapit Sis , Andikape ak Devlopman.....	95

Yon ti kout pye sou lwa pou entegrasyon
Moun Andikape yo 102

Chapit Sèt, Andikape ak lavi Seksyèl.....107

Chapit Wuit, Pwoblèm akonpayman seksyèl
lakay moun Andikape yo.....114

Tèks konplè pou ilustrasyon tèm jounen
mondyal moun Andikape yo 3 desanm...119

Bibliyografi.....130

Ti koze douvan Pòt

Onè, Respè.

Zanmi lektè mwen yo, mwen wete chapo mwen byen ba douvan nou pou mwen felisite nou pou gwo travay sa nou deja kòmanse paske nou chwazi pran tan pou nou jete yon kout je sou ouvraj mwen an.

Pandan nou chita ak gade kouman lanne yo ap kouri tankou tanpèt nan sezon silklòn epi nou souvan rete avèk de ponyèt nou kwaze san nou pa di anyen, epi nou pa poze aksyon ki montre nou vle ale pi douvan.

Lè mwen li konstitisyon peyi Dayiti a, nan atik 32-8 konstitisyon 29 mas 1987 la, ki bay tout moun andikape dwa pou yo granmoun pwòp tèt yo, nan jwenn bon jan ledikasyon ak mannyè pou ede yo redapte yo.

Yon ti kout pye nan rekòmandasyon
No 99 OIT nan lane 1995 ki pale sou
kondisyon travay pou moun andikape yo, ki
pa dwe reyalize nan nenpòt fason.

Lè mwen gade nan atik 69 ak 71 lwa
pou entegrasyon moun andikape yo ki di :
« Leta ankouraje rechèch sou pwoblematik
andikap la ak ankèt estatistik sou
popilasyon andikape yo. »

Lè mwen gade nan atik 71 lwa pou
entegrasyon moun andikape yo ki
di : « Biwo Sekretè d Eta pou Entegrasyon
Moun andikape yo dwe pibliye regilyèman,
enfòmasyon estatistik sou moun andikape
yo ak diferan òganizasyon k ap travay nan
domèn andikap la. »

Lè mwen gade nan atik 82 lwa pou
entegrasyon moun andikape yo ki mande
Leta pou ede moun andikape yo jwenn tout
posibilite pou evolye nan alineya a, b, c ak d
menm atik sa a.

Lè nou konsidere kantite Frè ak Sè nou ki pa janm sispann sibi lenjistis nan men konpatriyòt parèy nou, nan imilye yo, nan chwazi ba yo repiyans pou lavi yo. Bagay sila yo, vini konplike sitiyasyon yo ki mennen yo nan gwo toumant lajounen tankou lannwit. Kidonk, yo vin pèdi somèy yo epi se konsa yo tounen yon zegwi, vyann pa ka pouse sou eskelèt kò yo.

Tout kalite gwo eskonbrit sa yo, gen yon gwoup nan sosyete ki plis viktim epi sa ba yo plis pwoblèm ak menm fè pafwa yo ta vle dekouraje tèlman nou tounen pèsekisyon pou yo sou tout fòm. Gwoup sa se moun ki genyen yon andikap, sila yo nou rele moun andikape yo.

Pou rezon sa a, apre mwen te fini ranpòte premye pri nan konkou tèks ilistrasyon Biwo Sekretè Deta pou Entegrasyon Moun andikape yo te reyalize nan mwa novanm 2015 ki te debouche sou 3 desanm nan ki se Jounen mondyal moun

andikape yo. Se konsa tou nan jou ki te 1 mas 2016 la, mwen te pase resevwa prim mwen nan men Biwo a.

Depi moman sa tou, mwen te komanse repanse sou lavi sila yo ki genyen yon andikap, sou kouman sosyete a trete yo ak ki mannyè yo ka travay pou avansman peyi a paske nou tout alawonnbadè se menm pwason kraze nan bouyon an nou ye.

Aprè tout analiz ak refleksyon sou anpil dokiman ak anpil ti bat boucha k moun ki nan sitiyasyon sa a. Mwen rive konprann pi gwo pwoblèm yon andikape se paske sosyete kote li ye a pa vle prepare li sou tout fason pou akeyi moun ki gen andikap la.

Ebyen pwiske pa gen preparasyon ki te tanmen pou resevwa andikape yo, sa vin lakoz moun ki andikape a pa jwenn plas li bezwen pou li alèze pi santi li ap viv menm jan ak tout moun. Nou konn tout sa pou nou fè lè nou pral gen yon envite lakay nou.

Nou mete nou an penpan, pou nou pa wont devan li paske nou pa vle pran wont.

Se konsa mwen konprann pi byen tout bagay sa yo baze sou yon sèl mo ki lakoz gwo malè ni pou moun ki andikape a ak ni pou nou menm ki mete mo sa a an pratik pou detwi pwòp frè ak sè nou. Mo sa a se Diskriminasyon, li soti nan rasin mo laten yo ki di (discriminatio = mete yon kote), nan lang manman nou ak papa nou lang kreyòl la, mo sila a vle di separasyon, se tankou nou te ka di tèt pa mele ak pye malgre yo rete nan menm lokal ki se chapant kò moun nan.

Vwala, nou rive

konprann : « **Diskriminasyon se chimen Pèdisyon** »

Pwiske nou youn ak devore lòt pou granmesi, nou imilye li pou bèl plezi nou. Depi nou pa dirije vizaj li osinon fason Kreyatè a fè li an, nou ba li tout kalite non sou non manman ak papa li te ba li. Sa ki pi

tris la, se paske nou menm konn rive
bouche tout chimen ki ka ede li vanse sou
wout progrè paske nan zye nou li pa ta dwe
viv.

Avèk liv saa, nou pral jwenn bon jan
refleksyon ak temwanyaj melanje ak analiz
ki pral ede nou fikse je nou nan bon
direksyon an. Liv la ekri nan lang nou, nou
pral ka debat san traka tout gwo sijè yo,
pandan nou pwofite ranmase lang kreyòl
nou an, kote chak jou yo vle fè nou bliye
premye lapli kite pèmèt jaden nou yo
boujounen an.

Nou pa dwe bliye kote nou soti, nou
tout soti nan peyi Lafrik. Yo lage nou isit pou
nou travay pou nou te ka plen pòch blan
franse pandan yo fè nou bat menm frè ak sè
parèy nou. Klòch la sonnen pou nou reveye
nou, tanbou ransanbleman an frape, kòn
lanbi a klewonnen pou mazinga a fòme pou
nou fòme kwadi tèt ansanm nan, pou nou

ka fini ak problèm sila a ki ap ravaje sosyete nou yo.

Mwen swete nou yon bon moman lekti epi se pou Kreyatè Linivè a ban nou lagras ak benediksyon.

Wilmeus TAMAR
Ekriven

Chapit premye (1^{er})

Prezans lèzòm sou fas latè

Kiyè bwa pa ka wete kouch ki nan manch li

Si lalin nan ak solèy la respekte lòt, epi yo rete nan limit misyon yo. Kote youn klere lannwit epi lòt la klere lanjounen, yon mannyè pou reponn ak gwo kokenn chenn chaj, yo chak genyen nan mitan lakreyasyon an. Gwo koze sila, rive fè nou konprann tout bon vre, lavi lèzòm sanble tout bon vre ak de gout dlo ki soti nan bèl krich nou, ki chita kò li, nan piyon chanm ajoupa sou bitasyon zansèt nou yo.

Depi nan koumansman an, lè Kreyatè linivè a te fini kreye tout bagay alawonnbadè tankou: “Syèl la, latè a, pye bwa yo, bèl zèb yo, tout kalite fwi pou rive debouche sou zanmino melanje ak tout kalite dlo yo, dlo dous ak dlo sale.” Apre li te fini ak mèvèy sa yo, li te chita pou li gade yo ak anpil lakontantman pou travay sila a.

Kidonk, li pa te fè kras erè epi travay la te bon anpil.

Se konsa, li te vin nan nesesite pou li twouve lebwa pou te ede li pwoteje ak devlope plis, travay sila a. Nan chita kalkile li deside kreye yon lòt kalite espès pou jere travay sa a. Se konsa li mete lèzòm pou donte latè ak pou devlope pi plis travay lakreyasyon an. Li kreye gason ak fi pou yo fè pitit ak youn bay lòt kout men nan responsabilite yo, selon misyon yo chak pral gen pou resevwa nan men Kreyatè a. Malgre li kreye gason ak fi, men sa pa vle di youn gen plis valè nan zye li okontrè yo tout egal.

Menm jan nou pa kapab mande yon kòk pou li ponn yon ze nan plas manman poul la, se menm kichòy la tou, pou sa ki gen pou wè ant gason ak fi tou, youn pa ka pran plas lòt. Yo tout gen pou aplike ak travay daprè zòd Kreyatè a.

Nou rive dekouvri, lavi lèzòm pa tankou yon kout zeklè ki vini pou anonse yon lapli ki pral tonbe. Men pito, se tout yon planifikasyon ki menmen nou vini nan lanati pou donte ak devlope li. Tankou nou renmen di sa : « Responsablite se chaj ».

Nou te jwenn tout bagay egziste deja, sa ede nou konprann tout, sa nou jwenn nan lanati pi gran pase nou. Nou bezwen pratike lasajès pou nou respekte sa nou jwenn ki pi gran pase nou ansanm ak sa nou jwenn ki pi piti pase nou, paske nou tout ap viv nan menm kanton ki se latè.

Nou genyen menm patwon osinon menm chèf, paske nou tout sot menm kote, nou gen menm solèy ki klere pou nou tout, nou genyen menm van an ki vante pou anvayi nou ak bèl frechè, lè chalè solèy karèm nan makonnen ak mwa me tanmen fè nou swe san rete.

Lèzòm nan mitan sosyete a

Sosyològ¹:

Moun ki
etidye

Sosyoloji

Antropològ²:

moun ki etidye
kilti sosyete a,
abitib yo

Menm jan anpil gwo nèg save tante chèche tout bèl fraz pou yo defini sa nou rele Sosyete a, kote gen nan yo ki di Sosyete a se yon gwoup moun k ap viv nan yon lespas. Ebyen li difisil anpil, si yon moun pa konn ale nan yon peyi, pou li jwenn posibilite pou eksplike sa ki ladan, oswa pale sou sitiyasyon moun yo.

Se sèlman si li ta enfòme sou listwa moun sa yo, epi tande moun ki viv nan peyi a, ki tanmen esplike li sitiyasyon an. Se menm bagay la tou, pou moun ki vle pale sou sa ki gen pou wè ak sosyete a tou, si li pa nan kouch la, li va difisil pou li pale sou li ak pou deside bon chimen pou lòt yo.

Lè mwen rale ti biyòt mwen pou mwen kalkile byen, mwen rive konprann definisyon Sosyològ¹ yo ak Antropològ² yo bay pou mo sa, ki rele sosyete a kadre

makonnen reyalite lavi moun yo vre. Pou gen sa yo rele sosyete a, fòk gen moun ki abite nan yon lespas byen detèmine. Kidonk, depi gen moun ki prezan nan yon lespas, san pèdi tan sosyete a deja prezan, paske se ansanm ak moun yo li fòme epi pran nesans.

Sosyete a, frajil anpil

Se nan fouye je gade, mwen rive konprann kòman sosyete a frajil anpil, paske se ak moun li makonnen zantray li. Se vre, nou tout soti menm kote, men sa pa anpeche nou gen ti diferans ki pwòp nan mitan nou.

Mezanmi, nou rive dekouvri menm pati ki konstwi chapant kò moun nan pa egal, epi gen diferans nan manyè yo fonksyone tou. Lè nou gade byen, nou wè gen kote nou rele pati adwat, epi gen kote nou rele tou pati agoch, sa ki sou bò adwat la pa souvan alèz kadre kote agoch la.

Depi la, nou kòmanse konprann kouman reyalite moun nan konplike anpil, se yon bagay ki dwe trete nan latandrès paske depi nan lakreyasyon an bagay yo te deja konplike pou nou menm pitit kreyatè a, ki pa gen pouvwa pou nou dekòtike tout bagay oswa chèche pote koreksyon sou yo.

Nou bezwen rive konprann, menm si nou diferan nan pratik lavi nou, oswa nou kapab diferan nan fason kreyatè a te kreye nou, swa nou blanch, wouj, nwa, wo osinon kout, swa nou gen 2 men, oswa 2 pye elatriye... sa pa wete anyen nan zye Kreyatè a pou sa. Se pa nou ki te deside vini sou latè, se vre se yon fi ak yon gason ki te antann yo pou fè nou, apre laparisyon premye gran paran nou yo.

Nan kèlkeswa fason yon moun ta twouve li ye , nou bezwen poze tèt nou yon kokenn chenn kesyon.

Eske se pa menm San nou gen k ap koule nan venn nou?

Eske nou pa resevwa menm oksijèn pou nou fonsyone?

Eske nou pa gen menm Solèy oswa lapli ki klere epi tonbe sou do ajoupa nou yo?

Eske nou tout pa manje epi bwè ?

Eske nou tout pa twalèt ?

Eske nou tout pa gen yon Manman kite pote nou nan vant ?

Eske nou tout pa gen yon Papa ki te chwazi planifye osinon jan sa te pase a, pou ou te rive fèt ?

Eske nou tout pa gen yon sansasyon pou nou renmen sa ki bèl epi anvi avanse nan lavi ?

Eske nou tout pa mete rad sou po nou, pou nou pwoteje entimite nou ?

Eske nou tout pa ta renmen se tout sa ki byen ki pou rive nan lavi nou ?

Eske nou tout pa kriye oswa chagren lè nou pèdi yon moun kite jwe yon gwo wòl nan lavi nou ?

Eske nou tout pa ta renmen gen lajan pou kapab viv byen ?

Eske nou tout pa ta renmen vwayaje, ale nan tout peyi ki sou latè pou nou kapab gade pi byen oswa viv pi alèz ?

Eske nou tout pa pè lanmò epi nou ta renmen viv lontan sou latè ?

Eske nou tout pa ta renmen genyen yon bèl travay oswa gen yon gwo pòs ?

Vwala, se konsa pandan mwen chita anba galeri ajoupa mwen kote mwen pare solèy ak lapli mwen, pandan mwen gade papa mwen ki ap voye lafimen monte nan syèl ak gwo bout kachinmbo li nan bouch li.

Lè mwen monte nan mòn sou kote bitasyon grann mwen nan mitan forè a, mwen tande ti zwezo nan bwa ki ap chante

jwe bèl mizik yo, nan aprèmidi kote se bèl van sou tèt mòn nan, ki byen makonnen k mizik ti zwezo yo, pou mwen te viv moman sa a.

Aprè sa, lè mwen antre nan ajoupa mwen nan piyon chanm manman an mwen an, mwen wete bouchon ki te bouche nouch krich la, pou mwen rafrechi lestomak mwen ak bon jan dlo fre.

Aprè sa mwen tonbe poze yon bann kesyon sou lavi moun, men se konsa tou repons yo rete kache paske se nou menm lèzòm ki kreye pwòp problèm nou, pou sa kreye deblozay nan mitan pitit fi ak gason ki abite nan peyi a. Alèkile, nou pa travay pou nou kapab pwogrese, men pito pou nou konbat pwòp zantray nou.

Poukisa moun ap meprize moun parèy tankou yo ?

Poukisa si moun nan diferan, yo pa vle viv ak li epi ba li posiblite pou li avanse ?

Poukisa si moun nan manke yon Pye, yon
Ponyèt, yon Je, oswa li pa Wè osinon li pa
ka mache tankou lòt la elatriye...

Sosyete li patispe nan fòm a, ba li pote non
pati li manke malgre manman li ak papa li te
ba li yon non. Nan rele li(tipye, tibout,
kokobe, pye nan vant, tirasi,tibaka)...

Men kisa ou fè ak non paran li te ba li a ? ki
se(mesye Jan, Mèt Pyè, Madan Jozèf...)

Pou rezon sa a, nèg ki di yo Savan yo
rele moun ki gen pwoblèm sa yo
:"Andikape."

Men si nou fouye epi fè lespri nou
travay pi byen tou, eske nou ka di yo se
andikape?

Eske se pa mete absè sou klou?

Eske se pa pase yon alimèt ki san souf?

Eske se pa bwote dlo nan panyen?

Mezanmi, fòk nou sispann di Chen ki gen zo nan bouch li pa gen zanmi, paske se vre koukout wè lwen men li pa wè sa ki dèyè tèt li. Se nou chak ki dwe veye pou lòt, se pa chita mache tankou kòk kazwèl ki pran move kout zepon, pandan se di nou tanmen di : « Nou byen sangle, nou pa ka foule » .

Nou bezwen pran responsabilite nou, antanke moun. Nan defann lòt la, kèlkeswa fason an paske se anpil ti grenn mayi ki fè yon mamit.

Chapit Dezyèm (2)

Kalite Diskriminasyon yo

Menm jan nan lanati gen divès kalite moun k'ap viv nan lanati, ebyen se menm jan an tou pou sa ki gen pou wè ak diskriminasyon an.

Se pou sa zotobre nan tout peyi, ki respekte sitwayen lakay yo, redije epi vote bon jan lwa pou pwoteje sitwayen yo epi lage chwal bare dèyè fenomèn sa a, yo konn menm rive mete men nan pat kasav moun ki poze zak sa yo. Men nou oblije chèche konprann, kisa ki rele diskriminasyon an, ak sou ki mannyè yo kapab parèt.

Mezanmi, lè mwen limen ti lanp tèt gridat mwen pou mwen retounen nan lanne 2009, kote peyi Dayiti te gen nan lepòk sa, kantite moun andikape yo te deja debòde swa 800 000 moun andikape ki bay yon pousantaj 10 oswa 12 pou 100 popilasyon nan lepòk la. Daprè ankèt Andikap

entènasyonal te òganize ansanm avèk lòt òganizasyon lokal yo.

Men, depi apre 12 janvyè 2010 kantite moun andikape yo vin dechennen nèt, kote li depase yon milyon moun andikape, dapre yon rapò ministè afè sosyal peyo Dayiti.

Sa ede nou konprann, koze moun andikape yo dwe konsène nou tout alawonbadè, nan nenpòt rakwen nou ta va makonnen lavi nou. Paske djondjon leve kote li vle, menm anba jouk poul. Pou rezon sa, mwen rive konprann nou tout dwe pote kole paske si kalmason te vyann, se pa nan gran chimen nou ta jwenn li.

Lè mwen fouye je nan lalwa 13 mas 2012 pou entegrasyon moun andikape yo nan peyi Dayiti, kote yo mete yo dakò sou definisyon sa pou mo nou rele

Diskriminasyon: « *distenksyon, esklizyon oubyen restriksyon ki baze sou yon andikap, sou yon pase andikape, yon ansyen andikap*

ki kite tras oubyen jan yo wè yon andikap ki pase oubyen ki la toujou. Ki lakoz oubyen ki gen objektif pa rekonèt dwa ak libète fondamantal moun andikape yo, anpeche yo jwi oubyen egzèse dwa yo kòm moun ak libète fondamantal yo »

Diskriminasyon ki domine lespri nou an, se sa ki gen pou wè pou moun ki andikape yo. Kote se rat kay ki toujou ap manje pay kay la. Poukisa, nou souvan vle koupe branch bwa nou chita sou li a ?

Nou souvan ap di kouman pay kay la lèd, epoutan nou bliye si se li menm ki pare solèy ak lapli pou nou.

Koze sila a, ede nou dekouvri zafè andikap la, mande pou nou chita byen kalkile li dekwa pou nou rive klere lantèn no unan bon direksyon an, paske pwoblèm nan grav anpil, nou bezwen pote laswenyay ki nesesè pou nou kapab geri kominote nou yo, anvan menm pita vin pi tris toujou.

Kisa ki yon andikap ?



Lè nou fouye nan gwo liv yo, ak nan lwa sou Entegrasyon moun andikape yo, ki prezante gras ak konkou Biwo Sekretè Deta pou Entegrasyon moun Andikape yo, epitou lè mwen fè yon kout pye nan lwa 11 fevriye 2005, nan peyi Lafrans nan atik 114 pou tout moun gen menm dwa ak chans, nan patisipasyon moun andikape yo nan lavi nan sosyete a, yo defini andikap konsa :

« Limit nan aktivite oubyen restriksyon yon moun jwenn pou li patisipe nan lavi sosyete a akòz li pèdi youn oswa plizyè fonksyon fizik, sansoryèl, koyitiv oswa sichik pou yon bout tan oubyen pou tou tan ». (Paj 8)

.Avèk definisyon sila, nou rive konprann kisa yon andikap ye. Men nou kapab di tou :

« Andikap se yon anpechman, se bout kòd ki rete vwayaj, ki anpeche yon moun ranpli tout sa li genyen pou reyalize nan fason li ta swete. Mo andikap la chita kò li, sou relasyon moun ki gen yon enkapasite ansanm ak anviwònman li a, nan tout fason; sa vle di ni pou li jwenn enfòmasyon, ni pou li sikile san traka, ni pou li pran chimen lekò, ni pou li travay, ni pou li kominike oswa pran ti plezi li tou »

Lè mwen gade nan zafè lasante, kouman Òganizasyon Mondyal lasante (OMS) defini mo sila. Pou yo menm, pou nou pale de mosa a, nou bezwen gade li sou twa (3) eleman, nou kapab konsidere tankou 3 wòch dife nan mitan fouye dife nou.

- Defisyans
- Enkapasite
- Dezavantaj

Pou OMS, nan konesans nan koze lasante, nou rive konprann defisyans se yon difikilte ki genyen nan atribisyon pati sikolojik oswa anatomik moun nan, ki pa reponn ak misyon yo.

Pou sa ki gen pou wè ak Enkapasite a, se yon diminisyon ki gen pou wè ak defisyans yon moun swa li atake tout li menm swa yon ti pati nan fonksyònman li, daprè jan sa dwe reyalize nan kò moun nan.


Nan sa ki gen pou wè tou ak Dezavantaj la, moun nan vin koumanse pa gen anvi pou li viv, li poko kapab konnen ki vrè responsabilite li nan mitan sosyete a. Sitou si sosyete a, poko pare pou resevwa moun nan.

Sa ede nou konprann andikap la kapab pran yon pakèt fòm tankou:

- 1) Andikap Fizik
- 2) Andikap Mantal
- 3) Andikap Sichik

4) Andikap Sansoryèl

5) Andikap ki se rezilta ak yon seri
maladi



Men sa ki pi grav la pa site nan lis la,
ki se refize viv ak sipòte yon moun ki nan
sitiyasyon sa yo. Lè nou trete yo, yon fason
kip a kadre ak reyalite moun. Lè nou refize
pratike, sa yo rele Tolerans lan pou nou viv
ak yo.

An nou gade gwoup andikap sa yo:

I- Andikap Fizik



Se tout kalite difikilte ki afekte kò fizik moun nan, li kapab yon pati nan kò li osinon tout kò a. Manm siperyè ak/ou enferyè yo, toujou fasil victim. Moun nan, konn nan pwoblèm pou li sikile nan fason lit a vle an. Malgre sa, li fonksyone nan limit li ak nan jan sosyete li a, te prepare pou akeyi li.

II- Andikap Mantal

Se yon andikap ki chita sou enkapasite moun nan genyen pou li reponn rapidman, ak reyelite li twouve li a, pou li aji ak adapte li, epi pou li bay repons yo ak jwenn bon jan konpreyansyon.

III- Andikap Sichik

Se tout yon dezòd ki pwodwi nan sèvo moun nan, ki kapab gen pou koz : « yon seri maladi ki konsène pati sichik la, depresyon ak yon santiman atachman elatriye... Moun nan gen pwoblèm sa, men kapasite li pa souvan diminye, nan sa ki gen pou wè ak konesans li te genyen.

IV- Andikap Sansoryèl

Se tout pwoblèm ki chita sou ògan sans yo. Nou kapab site yon ti gwoup andikap ki konstitye andikap sansoryèl la:

- Andikap Vizyèl: se tout moun ki gen pwoblèm vizyon, gwoup nan langaj

nou , nou di yo se Avèg, men nan bon sans pwòp la ki pa deranje moun ki gen pwoblèm nan, nou rele li:

"Malvwayan"

- Andikap Oditif: se difikilte pou moun nan koute son. Li ka pa tande son yo byen oswa li pa tande menm. Nan kasa yo, moun ann konn pote yon ti aparèy nan zòrèy li.

V- Andikap ki se rezilta ak yon seri maladi

Nan kategori sa a, nou kapab di: se tout maladi ki konn atake sistèm respiratwa, dijestif, enfektyez oswa parazitè. Nou kapab site tou (Dyabèt, Sida, Kansè). Sa pral depan ki maladi moun nan souffri, nou pral rive konnen si andikap la, ap dire osinon li pral disparèt.

Nou konn pale tou de Poliandikap, nou kapab pale de sa, lè nou gen plizyè defisyans fizik ak mental ki makonnen yo ak lòt defisyans ki kapab diminye fason pou moun nan fonksyone pou kont li.

Nou konn akize, malfòmasyon ki konn pwodwi depi nan vant manman an, ki konn menm pèmèt fi a akouche avan dat li.

Gen yon gwoup ki rele tou Pliriandikap, se tout yon bann defisyans ki mele ansanm, ki nan menm nivo. Yon moun ki gen yon defisyans oditif epi ki malvwayan, oswa ki gen yon defisyans fizik epi ki prezante yon defisyans oditif.

Kisa nou dwe fè?

Si nou chèche konprann pi byen sitiyasyon moun andikape yo, nou pral dekouvri se enklizyon yo bezwen. Nou bezwen konprann, tout sitiyasyon eksklizyon toujou kreye fristrasyon. Sa ki pral lakòz moun ki twouve li nan sitiyasyon

sa a, oblije pran yon desizyon. Osinon li kwaze bra l osinon li frape pye li atè, pou li fè tonnè kraze l fòk sa rive chanje. Sa pra l mande pou l mete kanson li nan senti l, pou li atake pwoblèm nan.

Pou rezon sa, nou bezwen bay jarèt pou gen bon jan :

- Entegrasyon pou moun andikape yo, yon fason pou yo jwenn satisfaksyon pou yo viv san traka
- Sitwayènte total kapital pou tout moun andikape yo
- Otodetèminasyon, nou gen mo pa yo tou nan gwo desizyon ki gen pou pran, swa pou yo menm ki andikape an osinon pou peyi a tou
- Akonpayman ni pou fanmiy moun andikape a, anpil fwa depi paran yo remake timoun nan devlope yon fason, yo pa t swete, yo gen entansyon pou yo mete li yon kote. Swa yo sove kite li lopital la, swa yo

ba li move tretman ki menm konn
koze lanmò yo anvan lè.

Nou dwe reyalize tout aktivite, epi
pran tout bon jan mezi ki pral ede moun
andikape a santi, li pa pou kont li men
pito li gen yon sosyete ki pran l sou
responsabilite li.

Leta dwe angaje li nan pi wo nivo pou
rezoud pwoblèm diskriminasyon an, nan
patisipe nan ledikasyon popilasyon epi
sansibilize yo sou koze andikape a, kote
se pa moun andikape a sèlman, men se
ni mwen, ni ou, ni li, nou tout ansanm
paske zèb ou pa vle ki pouse nan jaden
ou, pouse douvan papòt lakay ou.

Chapit Twazyèm (3)

Diskriminasyon se chimen Pèdisyon

Pou nou kapab konbat yon bagay, nou dwe ale fouye zo nan gonmbo pou nou konnen rasin li, yon manyè pou nou atake pwoblèm nan, kote li fòme a pou nou derasinen li, epi konsa tras li pa kapab reboujonnen pou taye banda menm jan an.



Se pou rezon sa nou desann byen ba pou nou rive dechifre mo yo rele diskriminasyon. Se konsa, nan mache fouye je gade, nou dekouvri se yon mo ki soti nan rasin mo laten yo ki rele (Discriminatio). Pandan nou limen lanp tèt gridat nou ki

gen bèl mèch koton nan li, nou rive dekouvri nan langaj nou an, sa koze sa vle di tout bon vre se ; (Mete apa, retire li pami yo). Kote se yon lòt tretman, yo chwazi envante pou yon gwoup oswa yon moun, ki diferan avèk reyalite lavi yon moun vre, nan lide pou diminye valè li.

Si nou gade imaj sila a, nou kapab gade, yon rektang, kote andedan li gen yon :

- lekòl la
- yon mach eskalye
- yon chimen pou moun antre nan etablisman an
- Yon chen, ki mechan anpil
- Yon moun ki sou chèz woulant
- Yon moun k ap kouri

Epi se konsa, gen yon moun ki vini lekòl la sou yon chèz woulant, men li rive devan mach eskalye a, li bezwen monte mach la, li wè mesye sa a, ki vin ap pase nan lakou a epi li di : « **Mesye souple, ede m tanpri** ».

Misye, pa menm okipe li, epi li lage yon sèl kous kouri pou l kite lakou a, yon fason pou li pa ede mesye ki sou chèz woulant la. Men misye te bliye, lè kè ti poul kontan, se malfini ki dèyè l'. Pandan misye ap kouri soti konsa, yon gwo chen bare li, pou devore l. Misye rele : « **anmwe sekou...** »

Avèk fouye je gade sa, nou rive dekouvri kote yo va gen pou plimen poul, kodèn pa nan fè fèt. Se tout yon imilyasyon total kapital pitit planèt sa sibi anba gwo mo sa a, ki se diskriminasyon an, kote pwòp san parèy nou yo, pa janm sispann taye banda sou do lèzòt yo, kòmsi se yo sèl ki kòk chante, epi pèsonn pa dwe pale. Oswa montre yo siperyè. Men, yo bliye si kalfou pi gran pase gran chimen. Atansyon, pou nou pa tonbe nan tchouboum kalamite, ki pi grav pase sa nou rive wè oswa tande.

Gade sa ki rive misye, paske li pa te deside ede andikape kite sou chèz woulant lan ki te mande li kolaborasyon li, pou monte yon eskalye. Sa raple nou, moun andikape an toujou bezwen kolaborasyon pou ede li vanse pi douvan, menm jan nou menm tou, nou gen bezwen koutmen pou nou vanse a.

Epi se konsa, misye ale rankontre yon sityasyon ki pi grav, ki menm kapab mete lavi li an danje, epi menm pèmèt li fè vwèl pou peyi tèt san chapo, si l pa ta jwenn sèvis laswenyay.

Pou nou rive konprann sa yo rele diskriminasyon an, nou bezwen eseye klase yo, nan fason sosyete a deside aplike yo sou nou yo, se pou sa genyen 20 kichòy nou dwe rete chita sou yo pou nou kapab rive konprann pi byen koze sa:

- 1) Ki kote moun nan soti, sa ki gen pou wè ak orijin moun nan.
- 2) Kisa moun nan ye, Fi ou Gason ?

- 3) Nan ki sitiyasyon li ap viv (Rich ou malere)
- 4) Aparans kò fizik li
- 5) Kote li abite ?
- 6) Kouman sante li ye ?
- 7) Eske li pa gen yon andikap**
- 8) Eske se marasa li ye osinon jimèl?
- 9) Oryantasyon seksyèl li
- 10) Klas politik li
- 11) Aktivite li menmen
- 12) Kijan li rele, Non paran li te ba li..
- 13) Koulè po li
- 14) Nan ki peyi li soti
- 15) Ki relijyon li
- 16) Ki laj li
- 17) Ras li
- 18) Eske li ansent (si se yon fanm)
- 19) Abitid li
- 20) Eritaj paran li.

Mezanmi, sa ede nou konprann diskriminasyon an kapab dirèk ou endirèk tou.

Kilè nou kapab di diskriminasyon an :

- **Dirèk :**

Se lè ou viktim youn nan 20 pwen sa yo. Ou pa dwe rete chita gade, se chèche chimen lajistis pou lalwa aplike kont moun ki lakòz gwo zak sa a.

- **Endirèk :**

Se tout sa nou kapab imajine, men nou pa figure yo pami 20 pwen sa yo, paske li difisil pou nou desann nan fen fon kè moun nan pou nou jwenn sa ki nan entansyon li. Nou dwe sonje, lalwa sou entegrasyon moun andikape yo, ban nou limyè pou nou defann nou.

1. Orijin ak Diskriminasyon

Mezanmi, si nou tout soti nan Kreyatè a, se konsa tou anpil nan nou konn vle meprize yon moun paske li soti nan yon zòn

diferan ak nou, menm si li gen menm misyon ak nou.

Anpil moun konn ap kreye chire pit ant sa ki gen pou wè ak moun lavil ansanm ak moun ki soti nan vil provens yo. Se konsa tou, paske moun nan soti nan yon vil ki pi avanse pase yon lòt vil, yo konn panse yon se yon bann bagay pou sa. Nan pale de nèg anwo ak nèg anba.

Pwoblèm sa a, konn lakòz moun nan santi li ta mande mal pou lavi li epi menm rive mande malè pou paran li yo paske yo te chwazi fè yo nan zòn sa a.

Men lè nou gade byen, se paske lèzòm vle kreye pwoblèm pou pèmèt yo pa jwenn chans viv ak Kreyatè a ki souvan fè yo ap chèche tout kalite traka sa yo. Paske latè se pou tout moun li, nou tout gen menm dwa paske se pase nou tout ap pase.

Sa fè nou konprann zafè orijin nan pa dwe kenbe pou jije yon moun ak pou

diskrimine li. Nou tout se menm epi nou tout chita sou menm branch pyebwa lavi a, kote diskrimine lòt la se koute branch ou chita sou li a.

2. Kisa moun nan ye, Fi oswa Gason ?

Fòk ta gen yon jij pou jijman sila a, epi fòk jij sa a pa ta ni Fi, ni Gason.

Pou gason ki jennjan anpil yo, yo souvan di Fi yo pa bon. Epi pou Fi ki sou men yo tou toujou di gason yo pa bon. Sa se yon gwo pwoblèm, menm si yo tout fini dakò pa gen diferans nan sans sa.

Koze sila a pral katiye se nan fonksyonmanman sosyete a, kote yo kòmanse limite libète Fi ak Gason nan sa ki gen pou wè ak travay, ak lekòl, ak vokasyon elatriye...

Anpil fwa, paske ou se Fi sosyete ou patisipe ladan an limite ou epi fòse ou asepte sa jan li plake li a nan lestomak ou a.

Osinon ou viktim tout kalite enjistis pou yo asepte ou nan yon travay elatriye...

Menm gason yo pa epanye nan tout kalite vyolans sila yo tou. Se menm bagay la tou pou yo nan tout sans. Sa ki pi grav la, menm si yo byen fòme yo konn mete yo nan kondisyon pou yo fè yo bliye tèt yo, pou fè plan malfektè sa a pase.

Kidonk, nou kapab konbat pwoblèm sa nan:

- Asepte nou tout se moun
- Nou tout egal
- Se vre nou ka limite nan aktivite nou, men nou gen plas nou tou
- Respekte diyite moun ki se yon kado gratis ki soti nan Bondye Kreyatè a, nou bezwen pwoteje li

3. Nan ki sitiyasyon li ap viv (Rich ou malere)

Mezanmi sa se pi gwo maladi ki kontinye ap ravaje mond sa, se yon

pwoblèm moun li. Tankou nou souvan di sa, chak koukouy klere pou je yo.

Si nou pa konbat pawòl sa kote chak koukouy kapab klere pou lòt yo yon fason pou nou fòme yon gwo konbit limyè pou klere mond sa ki ranpli ak fè nwa.

Gwo nèg yo panse, yo pral kapab antre ak tout pakèt richès sa yo kote yo kontinye ap ranpli makout yo nan dechèpiye ti malere ak malerèz nan pretèks yo ap travay pou yo.

Bagay la di anpil wi, pito moun ki ap bay malere ak malerèz kout ba sa yo pat janm fèt, paske soufrans yo pral tèrib anpil. Genyen tout richès yon sèl kou pa anyen se retounen jan ou te ye avan an ki pi grav. Paske ou kapab manje vant deboutonnen, epi lèzòt yo pa kapab pran yon kiyè pou touye vè nan vant yo, ou pran plezi ou nan mete li yon kote, ou di li pa gen dwa pou li pale, li pa gen dwa pou li di sa li vle, li pa dwe chita sou menm chèz ak ou, ou mande

pou yo monte lekòl la pou pitit ou pa frekante li, ou chwazi ba li yon gode apa pou li bwè ti gout dlo, ou meprize li ?

Se byen konte mal kalkile, pase men nan figi ou, leve ale lave zye ou, pita pral pi tris pou wi, paske Joumou pa tounen kalbas, pitit tig se tig.

Paske, nou gen menm sous oksijèn ak klète ki se Van ki ap vante a ansanm ak solèy la kip a janm sispann kale je li pou chofe nou, lè fredy imilyasyon frè ak sè nou yo vle pote debòt nan kadans lavi nou.

4. Aparans kò fizik li

Depi nan lakreyasyon, Kreyatè an te bay premye paran nou yo pouvwa pou te nonmen tout sa li te fin kreye yo. Epi se konsa, premye paran nou yo te obeye epi nonmen tout sa ki prezan nan lanati.

Tout sa ki pran nesans nan relasyon yo de a, yo rele yo moun menm si non yo diferan, malgre tout bagay sa yo, yo sibi

menm tretman nan men paran yo paske se moun yo ye.

Sa rive ede nou konprann, nou kapab gen problèm, nou kapab pa gen menm kapasite, swa fizik ou entelektyèl, swa menm nivo refleksyon, men nou tout se moun epi tout sa ki gen pou wè ak dwa pou pwoteje lavi ak byen moun gade nou. Nou dwe soulinye, nou gen menm pwèn kote nou gen pou rankontre. Kidonk nou se sentiwon.

Se menm senkant kòb ak degouten an nou ye. Ki gen misyon sèvi pou bay mounen ak konplete pou nou achte.

Se menm reyalite pou nou tou, malgre nou kapab diferan sou kò fizik nou, men misyon nou pa diferan pou sa. Nou gen misyon travay pou latè kapab vini pi bòzò, se pa yon moun pou kont li ki kapab reyalize travay sa a, men se toujou ak patisipasyon chak grenn moun nenpòt fason yo ye a.

Se yon ansanm nòt pou jwe mizik, depi youn absan chante a pa ka gen menm gou a. Se mèvèy enteryè a, nou dwe chèche paske se li soti nan mitan fen fon kè li avan li soti, li byen mezire li tandike aparans la pa souvan mezire aksyon. Se pou sa, pawòl lakay nou di aparans la souvan twonpe nou.

5. Kote li abite ?

Lavi yon moun pa gen pou wè, sou ajoupa li abite a. Se vre, pou yon moun viv byen anpil nan bezwen li yo dwe satisfè epi pou li jwenn tout sa li gen bezwen pou fonksyone ni nan sa ki gen pou wè ak ekonomik, lojman, sante elatriye...

Kiyès ki pa ta swete abite nan yon bèl apatman kote tout sa li gen bezwen li fè yo san traka epi menm reyalize yo san li pa fè twòp jefò ?

Men yo souvan di nou, bout kòd rete vwayaj. Si se pa volonte li pou li viv konsa ak abite nan espas sa a, ebyen sosyete li

patisipe nan fòmasyon li a pa dwe leve kont li. Anpil fwa, prefere ou pare solèy ou anba yon ajoupa an pay olye ou pare li anba gwo bildig kote ou fèmen yon je epi ou ouvri lòt la, paske anpil fwa se sou kout pouya ou te rive bati li.

Konbyen moun ki gen bèl kay yo byen meble, epi yo pa janm ka dòmi ? tandike ti malere ou trete tout kalite mo a, ap byen wonfle sou atè miyò li oswa sou bèl nat li ki fèt ak vantrèz pye bannann. Ala bèl bagay, lè ou pa dwe pèsonn ou dodo jous kou kòk chante epi poul dejouke bwa.

Zanmi pa mwen, pa kite mou nap pouse ou pou gen foli viv nan fason ou poko kapab. Jan nou renmen di sa, dèyè misye won epi li vle pete kare. Paske depi kat bare twa, se ou sèl ki pral nan mawon.

6. Kouman sante li ye ?

Si ou te konnen kote maladi abite, pa gen moun ki ta pral pase nan kanton sa.

Pou moun ki etidye sante moun, yo souvan di nan ka kote yon maladi ap fè ravaj epi si yo remake li kontajyèl sa vle di moun fasil pou bay moun li, yo konn kenbe moun sa yo dekouvri ki genyen li a pou li pa jwenn chans pataje li ak lòt yo. Bravo se yon bon bagay.

Men sosyete nou an konn refize bay yon moun kite tonbe anba menm maladi sa a, tout ankadreman posib epi menm refize ba yo travay paske nan yon moman yo te gen maladi sa a. Osinon, refize bay yon moun ki gen yon maladi nan san li ki pa reprezante okenn danje pou moun posiblite pou yo tanmen aktivite yo san pwoblèm.

Nou pa dwe meprize yon moun ki malad oswa viktim anba yon maladi, pa dwe gen diskriminasyon sou okenn pretèks epi si yon moun viktim li dwe ale pote plent douvan otorite ki la pou sa epi pou lajistis tranche.

7. Eske li pa gen yon andikap?

Sa se pi gwo koze a, kouman nou gen menm dwa epi nou nan menm espas kote nou souvan viktim nan moman lanati fache yo tankou : Siklòn, tranbleman late, Van ak gwo kout zoray elatriye...

Nan moman sa yo, nou tout pran tranble epi di ak anpil kè sote: Gras papa, Gras... Pou nou menm Ayisyen ak tout lòt nasyon kite prezan nan moman 12 Janvye 2010 la, nou sonje se tout moun kite touché men sòl yon an fason pa yo. Si kounya gen yon lòt katastròf ankò nou tout kapab viktim nan menm fason an ankò si nou pa pran tout dispozisyon sa mande.

Si douvan malè pa gen moun Andikape ak moun ki panse yo Nòm, poukisa lè nou yon fason ap viv pi trankil nou pa vle antann nou?

Sa montre nou, andikape se pa yon peche moun nan fè, se pa yon mal li ye.

Anpil fwa se paske leta peyi yo, pa pran tout dispozisyon pou jere koze fè pitit gason ak fanm sou latè epi se sa ki koze tout kantite moun andikape sa yo ogmante. Men pa gen pèsonn ki ta vle viv ak yon andikape, lide Kreyatè a pa lide pan ou. Kreyatè a granmoun li fè sa li vle.

Andikap pa dwe yon kòz pou yon moun pa ka travay, pa kapab ale lekòl elatriye... se pa diskriminasyon ki dwe genyen, men pito se sosyete a ki pou mache ale rankontre manm li yo ki nan difikilte, paske se ansanm nou fòme sosyete a.

Nou tounen yon sèl kò epi depi yon pati nan kò a malad, se tout kò a ki dwe pataje lapenn li. Andikap se yon etap ki rezève pou tout moun, li kapab vini lè li vle epi nan fason li vle.

Jan nou di sa souvan, epi jan mwen te ekri sa nan tèks pou konkou ilustrasyon an, Se pa moun ki gen yon pye, yon men, oswa ki pa wè, kip a tande oswa ki pataje lapawòl

yo yon fason diferan ki andikape, men refize viv ak sipòte yon moun ki andikape, sa se yon andikap ki pi grav toujou.

Lavi tèlman bèl tout moun ta vle viv lontan epi gen tout mwayen pou viv. Kisa ki fè yon moun ki ap viv ak yon andikap pa dwe dezespere ?

- Kreyatè a konnen li la, sa vle di li pa pou kont li
- Li kapab fè anpil bagay epi lòt moun yo pa ka reyalize
- Se yon gras espesyal
- Li sibi imilyasyon san se pa volonte li
- Ak esperans lè li mouri, Kreyatè a ap resevwa li.
- Gen anpil rezon men, mwen site sa yo pou nou kapab konprann pi byen lavi yon moun andikape se yon gras espesyal ki soti nan Kreyatè a.
- Si moun yo di gen 5 sans, nou menm nou ranpli ak sans pou nou viv. Depi

sosyete a, ban nou mwayen nou kapab adapte nou san traka.

- Kidonk, nou gen lajwa nan lavi nou antanke andikape paske nou kapab fè anpil bagay men se sosyete a ki andikape nou.

8. Eske li se Marasa ou Jimèl ? oryantasyon seksyèl, elatriye...

Pou tout lòt 12 pwèn nou te site yo, gen yon sèl pawòl pou yo...

Pa dwe gen diskriminasyon pou kèlkeswa rezon an... Nou soti menm kote epi nou gen pou nou retounen menm kote a. Fòk lèzòm konprann lajan pa ka bay lavi, men se yon mwayen ki ka ede nou jwenn ti kras souf si se volonte Kreyatè a.

Tout pwoblèm diskriminasyon sa yo, se lanbisyon ki mete yo nan mitan nou, nan anvi genyen tout, nan anvi dirije, nan anvi di tout pou nou anyen pou lòt yo, nan jwe jwèt bouki ak malis.

Se yon bagay ki grav anpil, nan lekòl Ayiti yo depi nan premye lanne yo ansenye Ayisyen yo pou yo vin viv nan mèt dam, nan grenn senk, nan panse yo ka jwe plas Malis epi lòt la dwe tounen Bouki devan li.

Nou sonje listwa bouki ak timalis yo kontinye ap ansenye timoun nou yo, sa se yon pwoblèm grav wi. Nou bezwen sonje, latè pa pou nou se prete Kreyatè a prete nou li pou yon ti tan, men nan ti tan sa a, li ban nou yon chans pou nou donte li epi anbeli ak sa ki bon pou pèmèt mwen menm ak ou viv byen.

Nou dwe goumen pou nou kraze bayè ki monte ki limite nou, sa ki anpeche nou sikile toupatou paske lanati se pou nou tout.

Nou tout gen menm dwa epi menm valè nan zye Kreyatè a, sa rive ede nou konprann pa gen pèsonn sou latè ki ka di li se chèf lanati sèlman Kreyatè a ni mwen menm ak ou pa janm wè a.

Kisa nou kapab fè pou nou konbat sa ?

Aba Diskriminasyon

- Sispann viv tankou bèt ki rele Pan an. Pan, se yon bèt ki toujou fre epi monte lestomak li tankou mal kodenn, sa montre li pa tankou lòt yo
- Sispann viv tankou koulèv, nan file lang nou pou nou pike lòt la paske li gen yon andikap, pou nou tounen yon pongongon pou li
- Tounen yon bon pijon pou yo, kote nou va renmen yo epi ba yo tout afeksyon yo va gen bezwen ak asistans nan dimansyon nou ka debouye nou.

Paske moun ki andikape a bezwen twa (3) gwo bagay ki tankou 3 wòch dife ki sanble ak frachinn bwa pou nou prepare bon tchaka mayi nou. Nou dwe ba yo bon jan:

- ✓ Afeksyon
- ✓ Ankadreman
- ✓ Lwazi

I. Afeksyon:

Toujou montre li, andikap la pa anyen. Ou kapab genyen tout sa lòt moun yo genyen, ni nan lanmou, ni nan travay, elatriye...

Anpil fwa, se pou lanmou yo souvan chagren, anpil moun ki andikape di mwen, yo panse yo ka pa gen menaj epi menm marye. Men, mwen te di youn konsa, chak pen gen fromaj yo. Chak Fi ak Gason, gen yon moun ki damou li. Se vre, li difisil pou

ou rankontre li rapid epi asepte men jou pa li a gen pou rive.

Sansibilize yon moun andikape, pale ak li, chouchote li paske li gen menm lanmou an tou, epi yo menm pi pèfòman. Paske lè yon moun ale chache ti gout dlo byen lwen pou li sèvi, li souvan byen pwoteje li pou li pa fini. Lè ou swe anpil pou yon kòb, chak santim ou gen pou depanse ou reflechi anpil.

II. Ankadreman

Lalwa bay tout moun dwa pou reyini nan asosyasyon pou fasilite yo devlope ak fè pase lide yo. Se pou sa, nou dwe regwoupe nou pou nou fè tandè vwa nou.

Kreye aktivite pou make prezans nou, denonse ak pwopoze epi kreye se pilye tout gwoup ki vle avanse.

Timoun ki pa kriye pa bezwen tete. Fòk moun ki konnen sistèm nan mete ansanm

ak moun andikape yo. Pou ede yo jwi dwa sa a.

Nou pa dwe janm pè denonse, tout zak vagabondaj moun ki andikape yo sibi anba nèg san fwa ni lwa yo. Nenpòt fason yo vini, vyòl, enjistis, krim tout kalite. Lè nou pale sou ankadremman an, li dwe touche tout pwèn, sikolojik, sanitè, sosyal, ekonomik, relijyez, politik elatriye...

Nou dwe patisipe nan desizyon politik yo epi menm batay pou nou rive ranpòte lamayòl, kote nou kapab gen moun nan andikape nan lachanm pou vini ak bon jan lwa pou byenèt moun andikape yo.

Se sèl fanm ki akouche ki konn doulè akouchman. Se pa moun ki pou pwopoze pou sektè a, men pito se nou ki pou di sa nou bezwen.

III. Lwazi



Fòk nou gen kote pou nou ale pran ti plezi nou, yo dwe ban nou espas pou nou distrè nou nan espò ki fè nou plezi. Reyalize aktivite pou tout moun ki nan sant andikape yo.

Nou dwe gen klèb andikape, kote moun ki andikape yo vini pou pale de sa ki rive yo ak kouman yo santi yo nan sosyete a.

Chapit kat (4)

Meprize yon moun ki andikape, se meprize Kreyatè a

Lè nou retounen nan chapit avan yo, nou dekouvri, depi nan moman kreyatè a te fini kreye nou, li te kontan pou travay li te reyalize a. Se li menm ki di travay sa a te bon anpil.

Après sa li te deside mete lèzòm pou jere lanati. Sa rive ede nou konprann, kreyatè a pa ka nan fè erè. Se vre, travay sa yo depase konpreyansyon nou menm pitit Kreyatè a, men nou pa dwe oze pou nou tonbe kesyone mirak sila a, paske nou pa ka konprann yo.

Okontrè, nou dwe rete nan limit nou, pou nou ranpli misyon nou jan sa te prevwa a depi nan koumansman an.

Si nou bezwen gen limyè sou travay sa, nou bezwen mande Kreyatè lasajès ak bon konprann pou nou kapab aji selon lide li

epi konsa si se volonte li, li va louvri je nou.
Men, pinga nou chita ap frape lestomak nou
nan chèche konprann bagay ki pa nan
dimansyon nou.

Men nou dwe poze tèt nou kesyon sa
yo tou.

Poukisa nou pa kapab antann nou ?

Eske gen bagay nan lanati ki pa gen
enpòtans ?

Eske tout sa ki nan lanati gen menm
gwosè ?

Eske tout sa ki nan lanati gen menm
misyon ?

Eske tout sa ki nan lanati ap viv menm
kote ?

Eske tout sa ki nan lanati reprodwi menm
jan ?

Eske se nou menm lèzòm ki fè yo oswa nou
jwenn yo la deja?

Kisa nou dwe fè pou nou pwoteje lanati?

Eske se pa tout bagay ansanm ki pèmèt nou gen yon bèl lanati sa a?

Se konsa nou rive konprann, tout sa ki nan lanati kondane pou viv ak pou anbeli lakreyasyon.

Si nou gade tout sa ki egziste yo, nou kapab rive konprann se pa moun sèlman ki gen yon fason diferan, men se tout travay Kreyatè a ki diferan menm si yo gen menm misyon.

Lè nou gade bèl wòch yo ki sou latè a, gen nan yo ki :

- Gwo
- Piti
- Blanch
- Nwa
- Ki di anpil
- Ki mou
- Ki nan Dlo
- Ki nan solèy elatriye...

Malgre sa, lè bès mason an ap konstwi kay yo, yo travay wòch la pou yo jwenn fòm yo bezwen an, pou fasilite enklizyon li nan konstriksyon an. Sa vle di, malgre fason yo ye a, yo gen plas yo nan konstriksyon. Se pa yo ki chwazi gen fòm nan, men fòm nan pa anpeche yo konsidere li pou sal i ye an.

Eske nou menm moun, nou pa vo plis pase wòch yo?

Eske se pa nou ki la pou jere tout sa ki sou latè ?

Lè mwen rale ti biyòt mwen pou mwen kalkile, lavi moun sou latè pa diferan ak reyaltite yon bès mason ki konn kouman pou li trete wòch yo, pou li jwenn fason li vle a.

Se la nou pral konprann sa yo rele Enklizyon an, se menm tayo mazonbèl la melanje ak bannann kiyèz nan sòs pwason, ki tounen pwason kraze nan sòs la, pou yo

kapab grandi kò moun sou chimen
laswenyay.

Se melanj grenn tabak ak zepina nou
dwe tounen pou nou kapab donte tè a epi
fè li vanse pou pi douvan.

Se vre nou chwazi kategorize, moun
ki ap viv ak yon defisyans, nan rele yo moun
andikape. Men pou valè bagay, menm moun
sa yo nou rele andikape yo fè, èske ou
panse nou kapab kontinye ap meprize yo
nan sosyete a? Mezanmi O, pale fransè pa
vle di gen lespri ak disèneman.

***Pipi gaye pa kimen epi kalbas gran bouch
pa kenbe dlo***

Nou dwe travay pou bon jan
devlopman sektè andikape yo, nan favorize
bon jan enklizyon yo nan tout bagay.
Pandan nou bezwen respekte pèsòn nan, ki
se moun nan, nan evite di vye koze ki
kapab anpire plis sitiyasyon moun andikape
yo.

Leta dwe veye sou respè dwa ak diyite moun andikape yo, lavi moun two sakre, nou pa dwe jwe ak sa.

Menm jan **atik 3**, lwa sou andikape a fè egzijans pou Leta veye pou diyite andikape yo respekte, yo entèdi tout vye pawòl diskriminasyon, tout kominikasyon piblik ki gen obsèvasyon, pawòl opinion oubyen lide avilisan vizavi moun andikape yo. Gen pinisyon pou tout atak kont diyite moun andikape yo konfòmman ak lwa sa a...

Dyalòg mwen ak yon fi ki malvwayant

TW : Tamar Wilmeus **M** : malvwayant

TW : Bonjou Madam, Kouman ou ye ?

M : Bonjou, mwen byen. E ou menm ?

TW : Mwen se Wilmeus TAMAR, mwen profite pandan mwen rankontre ak ou isi a,

pou nou fè yon ti bat bouch, sou fason ou santi ou, nan sosyete an.

M : Wilmeus, ok. Mwen se rele Y.

Mwen pa wè depi mwen te gen 5 lanne. Jodi a mwen gen 28 lanne. Pandan, tout lavi mwen, m toujou ap enkyetete mwen, paske mwen pa wè, èske mwen ap marye ? Gen pitit ? Ale lekòl ?

Se konsa, gras ak konkou paran mwen. Mwen vin ale lekòl, mwen aprann lekriti bray ak tout lòt materyèl ki sèvi pou nou.

TW : Eskize wi, Y. Kisa ki lekriti Bray la ?

M : Ok, se ekri ki fèt pou moun ki malvwayant yo. Yo kapab ekri ak li san traka.

TW : Men poukisa se malvwayant ou di, men se avèg, mwen konn tande moun zòn mwen ap di ?

M: Wilmeus, si mwen gen yon bagay ki deranje mwen, se lè yo rele m avèg. Mwen

gen ti frè ak sè mwen ki lekòl, mwen toujou tande, yo anpeche moun dòmi ak yon limyè oswa yo di depi otrefwa, pa gen kouran pou etidye. Mwen toujou ap ri yo, paske nenpòt lè li ye mwen etidye, mwen pa deranje pèsonn. Mwen etidye Syans ledikasyon, mwen itilize tout rezo sosyal yo menm jan ak ou, mwen konn fè manje pou mari mwen paske mwen marye epi mwen gen yon pitit gason.

TW: hahaaa, bravo. Se pa manti. Ou pa nwi pèsonn vre... Mwen pa vle kenbe anpil nan pale. Na kontinye pale yon lòt fwa. Mèsi anpil paske ou te chwazi pale avèk mwen.

M : O mwen kontan anpil Wilmeus paske ou pale avèk mwen, mwen disponib pou nou dyaloge. Men avan nou ale, mwen ap di ou yon dènye bagay ki rive mwen. Pandan mwen te ansent, lè mwen ale lopital mwen se VIP(Viyaypi) paske mwen ap pase avan. Ou konnen nou souvan gen linèt nwa nan je nou. Moun yo di, dat nou la epi dam sa a, ki

fenk parèt la, moun yo joure anpil. Men m pa kite yo wè si mwen malvwayant.

TW : Sevre Y ? . Si yo te konnen ou te malvwayant, yo t'ap konprann ou.

M : Woy, gen yon jou mwen bezwen travèse lari a, pou mwen kapab monte lakay mwen. Malgre mwen mande konkou, yo pa okipe mwen. Se yon moun, m santi ki pase touprè mwen, mwen tou kenbe li. Mwen eskize wi, mwen pa wè, mwen bezwen travèse lari a, ede mwen silvoulè.

TW : Mwen konprann sa, se akòz pwoblèm Peyi a wi, tout moun vin pè moun. Se pou rezon sa, mwen deside pote kontribisyon mwen, nan sansibilizasyon sou respè dwa moun ki gen defisyans yo wi. Pa fatigue ou, gen yon jou nou va rive viv ak tout dinite nou.

M : Ok, mèsì paske ou chwazi panche sou sitiyasyon nou. Bon travay

TW : Mèsì Y. Bòn joune. Babay...

Nou tout gen misyon pou veye sou respè dwa sila yo ki andikape yo nan tout fason. Dyalòg sa a, ede nou chak konprann nou gen patisyon pa nou, pou nou jwe nan reyalizasyon travay entegrasyon an.

Fasilite yo travay ak entegre tout enstitisyon ki vle bay travay, depi yo gen kalifye pou sa.

Lè nou gade **Atik 44 lwa sou l'entegrasyon andikape yo**, nou dekouvri yon kota ki dwe respekte pou tout gwo travay nan peyi a tankou nan nivo : Etablisman Agrikòl, Komès, Endistri, elatriye...

Si yo bezwen 21 a 50 moun dwe gen yon anplwaye andikape

Si yo bezwen 51 a 100 moun dwe gen 2 anplwaye andikape

Si yo bezwen 101 a 200 moun dwe gen 4 anplwaye andikape

*Si yo bezwen 201 a 300 moun dwe gen 6
anplwaye andikape*

*Si yo bezwen 301 a 500 moun dwe gen 10
anplwaye andikape*

*Si yo bezwen 501 a 800 moun dwe gen 16
anplwaye andikape*

*Si yo bezwen 801 a 1000 moun dwe gen 20
anplwaye andikape.*

Vwala kouman lwa a regle koze
travay pou moun andikape yo. Men si nou
louvri grenn je nou pi byen, kouta sila a pa
respekte epi tou poukisa tout bagay sa yo ?

Depi moun nan kapab travay, li ka
reponnn ak bezwen patwon li. Depi gen pòs
ki vid epi sante li pèmèt li, se ba li travay epi
ba li tout avantaj ki reponn pou travay li a.

Moun andikape yo ki gen gwo
mwayen yo, bezwen patisipe nan kreye
djòb tou, nan kreye bon jan lendistri ki pou
fasilite moun ki ap viv mobilte redwit yo

jwenn mwayen pou patisipe pi fasil nan devlopman peyi ak itil fwaye yo pi byen.

Pa bliye ti koze lakay sa ki di se : « ***Se sèl fanm ki akouche ki konn doulè pouse pitit*** » sa ede nou konprann diyite moun andikape yo depan de yo menm. Sa vle fè nou konprann, se moun ki nan menm kondisyon ak yo ki konn pwoblèm yo toujou ap rankontre.

Te gen Jean Paul Martin (Jan Pòl Maten) minis finans nan peyi Canada (Kanada) ki te fè yon deklarasyon nan mwa oktòb 1997, li di: “Okenn gouvènman, okenn peyi pa ka pèmèt li mete moun andikape yo sou kote nan sistèm ekonomik, politik ak sosyal peyi yo”.

Nou mande Leta pou li, kite yon seri pòs nan fonksyon piblik la pou moun andikape yo. Leta dwe ankouraje, moun achte pwodwi lakay yo, pwodwi moun andikape yo reyalite, nou bezwen ankouraje

yo pwodwi pi plis, nan envite popilasyon an sèvi avèk pwodwi peyo nou.

Chapit Senk (5)

Andikape ak lavi politik

Nan zafè responsablite, sa konn poze pwoblèm nan mitan tout sosyete ki sou latè. Anpil fwa sa konn lakòz gwo malè, ki konn rive debouche sou yon chire pit, ki konn dire anpil tan epi menm rive menmen nou nan chimen tèt san chapo.

Paske pwoblèm sosyete yo pa fasil pou rezoud, si dan konn mòde lang, nou kapab rive konprann viv ansanm pa fasil. Malgre sa, nou dwe sonje nou tout se yon sentiwon kidonk pase isit osinon pase lòt bò nap rankontre kanmenm.

Lè nou t'ap pale sou kouman sosyete an fonksyone, nou te sonje se anpil eleman diferan ki konstwi vilaj sa a. Se vre eleman yo diferan men yo tout fè yon sèl. Yo tout gen menm dwa ak devwa, nou konprann pa gen koze siperyorite ankò.

Si nou tout respire menm oksijèn nan ki se yon kado kreyatè a ban nou,

Si nou tout bwè dlo nou jwenn gratis la ki koule nan larivyè yo ak nan bèl lanmè yo,

Si nou tout konn grangou, konn swaf, konn fatigue, konn dekouraje elatriye,

Si nou tout konn pipi ak tata,

Kidonk, nou kapab reyalize oswa patisipe nan tout sa ki gen pou wè nan desizyon ki ap tanmen pou sosyete a, yo pa ka mete nou sou kote, paske se dwa ak devwa nou tou. Se sa ki fè tout peyi sou latè rive mete yo dakò sou yon gwo dokiman, yo pase plizyè tan ap bwase lide sou li pou yo

kapab bay chak moun limit yo epi ede yo regle lavi yo pi byen.

Gwo dokiman sa se **Konstitisyon** an **Manman Iwa peyi a**. Se sa ki mete nou nan wout pou nou dekouvri bèl ti koze lakay sa a : « **Regleman pa gate zanmi epi se kondisyon ki bat kòk** »

Pou nou menm nan Peyi Dayiti, konstitisyon nou an bay tout Ayisyen ak Ayisyèn anpil dwa pou yo patisipe nan lavi politik Peyi a. Yo kapab okipe tout gwo tonton pòs ki egziste nan leta a, depi soti nan Azèk oswa chèf seksyon an pou rive nan palè nasyonal la kòm prezidan.

Depi yo gen laj pou sa ak bon jan fòmasyon pou kondwi pèp la nan bon chimen ak travay pou enterè tout moun san patipri.

Fòk nou patisipe, nou kapab.

Mezanmi, li nesesè pou gen moun ki gen mobilite redwit yo, patisipe nan

lavi politik aktiv peyi a. Fòk gen moun andikape nan tout pòs yo, nou pa kapab mete moun andikape yo deyò.

Sa pouse nou konprann, moun ki gen responsablite yo, gwo zotobre yo dwe panse sou fason yo pral aji pou pèmèt moun ki andikape yo jwi dwa sa a manman lwa peyi a ba yo pou yo vote pou moun yo vle, lè nou va gen pou reyalize eleksyon nan peyi a.

Kisa zotobre nan leta peyi Dayiti dwe fè pou sa:

- Chèche bon jan teknisyen ki regle koze sa pou mete tout bon jan sistèm ki pou fasilite kèlkeswa kategori andikap yon moun kapab genyen pou sa pa dekouraje li pran responsablite li.
- Fasilite sistèm lekriti bray pou sila yo ki gen pwoblèm pou li yo
- Ankouraje dokiman Odyo- vizyèl

- Fòk gen yon refòm nan tout batiman ki konstwi yo epi anvizaje ak aplike tout nòm ki gen pou wè ak konstriksyon kay pou moun andikape
- Fasilite plis moun pale lang Siy yo pou fasilite plis kominikasyon ak tout moun, lang Siy nan dwe anseye nan lekòl yo tankou tout matyè
- Fasilite plis lekòl pou moun andikape yo
- Fòk Leta konstwi wout ak bon jan twotwa pou sila yo ki sou chèz andikape yo, kapab deplase san traka. Si yon moun ki gen defisyans vizyèl pran lari a, se paske li reziye l pou l tonbe nan chodyè lwil fritay machann ak tonbe nan twou ego yo.

Mezanmi, transpò piblik la se yon pwoblèm pou moun ki pa kalite defisyans nou sot site nan chapit anvan yo, alewè kounya pou moun andikape yo.

Se konsa, lavi politik moun andikape yo pral pi asire yo pap gen pwoblèm pou reponn ak tout bezwen yo. Epi se konsa nou pral gen moun ki andikape nan lachanm nan, nan Palè a, nan Mèri yo ak nan seksyon yo. Depi, yo gen kalite pou sa nou dwe kite yo aji epi ba yo lebra pou yo pwogrese ak nan defannn koz moun andikape yo.

Lavi politik la pa two konplike, se mwayen nou pratike li an, ki konn mete gwo dout sou vrè sans li. Nou souvan pratike rakinn ak divizyon nan defann pòch nou, olye nou ranpli devwa nou, jan nou te prete sèman pou sa. Nou konn soti pou moun ki toujou ap blofe moun ak mansonj pou ranpli makout yo. Nan manje isit epi al bwè dlo lòtbòdlo, animal nan mal nèt. Chak koukouy, klere pou je w.

Men nou konn bliye, se nan chimen jennen yo kenbe chwal malen. Anpil fwa, si bèf te konn egzèse fòs li, nou pa t'ap kapab mete kòd nan tèt li.

Nou dwe saj, viv nan trankilite pou nou tavay pou sila yo ki nan bezwen yo, nan tounnen vwa pou sa ki pa gen vwa yo, nan tounen pye pou sa ki pa gen pye, nan tounen zòrèy pou sila yo ki pa gen zòrèy yo elatriye...

Nou tout se yon sèl kò, se nan konbit tèt ansanm nou va kapab defann enterè nou. Ann pote kole pou nou defann koz nou.

Respekte Dwa moun Andikape yo, se yon Obligasyon

Lavi yon moun sou latè depi nan moman kreyatè a te deside kreye moun pou rive jiskounye a, bagay sila a rete yon mèvèy pou konpreyansyon chak grenn pitit li yo, paske menm si nou nan fon somèy osinon nou nan travay, motè lavi nou ki se

kè nou, toujou ap ponpe san nan tout pati
ki nan kò nou, ki pèmèt nou fonksyone, pou
asire lavi nou kòm moun. Sa se yon gwo
mirak, yon mèvèy nou pa rive konprann vre
malgre atoufè lasyans.

Si plim zye nou te sou kontwòl nou
anpil fwa pay t'ap antre nan zye nou,

Si lè yon bèt te konn mòde nou, men
nou te konn mande nou, èske li mèt aji nou
pa tap gen san ankò,

Se menm kout manchèt la pou
moman nou grangou oswa swaf dlo epi
menm jan lè nou gen bezwen pipi ak tata
tou...

Se yon obligasyon pou kèlkeswa ran
sosyal moun nan, menm si li te Pap, Kadinal,
Monseyè, Pè, Pastè, Manbo, Oungan, Fi ou
gason...

Vwala, respekte lavi moun se yon
obligasyon, se pa yon kado se pito yon
egzijans moral pou tout moun.

Sitou respektè dwa moun andikape yo, nou souvan di yo gen yon sizyèm sans. Men nou souvan vle fè yo pase, pou sa yo pa ye, epi ki pa sanble yo antanke moun.

Daprè yon analiz kite reyalize sou lavi moun andikape yo, yo te dekouvri sektè sa a reprezante ti minorite zwit ki pi meprize nan lanati.

Yo menm konstate yo reprezante Ven pou san (20 %) moun ki pi pòv yo.

Gen katrenven dizwit pou san (98%) timoun ki ap viv ak yon andikap pa gen chans pou pou frekante chimen lekòl epi gen Trent pou san (30%) nan yo pa gen kay pou rete tou.

Gen twa pou san (3%) moun andikape ki konn li epi gen En pou san (1%) fanm andikape ki konn li.

Sa sete yon konsta Konvansyon moun Andikape yo te reyalize nan Peyi lòtbòdlo

sou sitiyasyon moun andikape yo nan yon seri peyi.

Si moun andikape yo ap viv nan lamizè, se paske lamizè se yon koz ki pèmèt yon moun vin andikape. Koze sila a, vin mete absè sou klou sou lavi moun ki deja ap viv ak yon andikap.

Pwoblèm ekonomik paran nou yo, pou pèmèt ale lakay doktè ak enfimyè pou reyalize bon jan egzamen pou analize gwosès yo, lè yo ap pote yon bebe.

Kote leta peyi yo souvan pa envesti nan lasante moun, men pito nan konstwi gwo bagay pou detwi lavi ak nan chèche enterè pa yo. Sa vin lakòz lafanmiy vin tounen yon eleman ki ogmante chif andikape yo chak jou.

Leta tout peyi dwe mete aksè pou tout moun jwenn laswenyay san sa dwe fèt la.

Mete plis lopital ak sant sante nan kanton yo, fòk laswenyay bay nan yon pri tout moun kapab frekante epi swen yo dwe general, menm bagay pou ni moun lavil ak moun ki nan vil rekile yo.

Leta dwe peye doktè ak enfimyè pou yo ofri sèvis lasante jan sa dwe fèt la, ak fasilite yo etidye pou rete nan peyi a, nan sèvis pitit tè a.. Nou pa dwe kite bèf fin pase pou nou rele chwal bare, si nou vle regle zafè moun andikape yo tout bon, nou dwe atake pwoblèm nan depi nan rasin li.

Mwen bat bravo pou leta peyi Dayiti ak pou Biwo Sekretè Deta pou Entegrasyon moun Andikape yo ansanm ak tout moun kite mete men pou redije ak pèmèt nou gen lwa pou pwoteje moun andikape yo, ki se lwa 13 mas 2012 la.

Andikape a egziste nan Sosyete a, men se pa nan moun nan li ye.

Yon moun ki sou chèz woulant pou li ale travay, men li pa ka antre nan kay kote li vle ale a, paske yo pa te kreye kondisyon pou sa.

Lè nou gade imaj ki sou paj liv la, nou kapab wè yon moun ki andikape epi ki vle ale lekòl, men li rive devan baryè a, li pa ka antre paske wout la pa nan kondisyon pou li antre nan espas la.

Men, nou rann nou kont nou bezwen mete aksesibilite nan tout sa nou gen pou nou reyalize, nou va ede lòt la viv san strès.

Gade mesye sa, li gen traka pou li frekante travay li paske pa gen aksè pou li sikile byen. Nou dwe respekte tout obligasyon, ki gen pou wè ak koze aksesibilite pou moun andikape. Paske ou wè jodi, men ou pa konn kijan solèy la pral leve pou ou demen.

Yon jou te gen yon mesye kite konstwi yon bèl bildig, men li te abite nan dènnye etaj la, mesye sila viktim yon aksidan. Akoz pa te gen aksesibilite nan bildig la, mesye a vin gen chanm li sou galeri a, paske li pa ka monte nan chanm li ankò. Li te vin ap viv sou chèz woulant, li pa ka monte ak chèz la nan eskalye yo.




Panse pou moun andikape jodia, se prepare demen ou, pou si demen se ou ki nan plas la, pou w pa gen twòp traka pou ou viv san kè sote.

Anpil moun ki pa ka li lekriti pa nou yo, men yo ka li lekriti Bray. Menm liv nou

yo, pa ba li aksè pou sa. Se pou sa, nou dwe goumen pou pwomosyon lekriti Bray la.

Ekriti Bray



Se la wi, nou rive konprann aksesiblite a se zouti pou chanjman lavi moun andikape yo. Si sosyete a gen volonte, li kapab pèmèt tout moun alèz, nan aplike tout mezi aksesiblite yo, pou fasilite entegrasyon frè ak sè nou ki nan sitiyasyon andikap yo. Konsa nou va gen yon sosyete pi jis, pi fratènèl ak enklisiv tou.

Nou bezwen bay lebra ak ankouraje tout konpayini ki livre yo nan kreyasyon materyèl adapte pou moun ki andikape kapab sikile pou kont yo.



Figure 3. yon moun andikape ki ap respire bon jan van, nan yon ti montay

Se yon moun ki fèt andikape oswa ki vin andikape

Sou tan lakoloni, nou te gen koloni sendomengwaz la ki te konn travay pou metropòl lafrans nan bourike lajounen tankou lannwit pou ranpli metropòl lafrans. Se te zegwiv ki tap travay pou voye pantaloon nan festen demen oswa bourik ki t'ap travay pou chwal galonnen.

Yo te fè nou konprann nou pa moun, nou se esklav, nou pa gen dwa ak devwa se te travay ki te pran plas sa yo.

Epi se te byen konte mal kalkile, se vre koulè nou diferan oswa langaj nou diferan, men yo te bliye si se te menm oksijèn nan nou te respire, menm solèy la kite klere pou nou ak lalin nan tou.

Jodi a, gen moun ki konsidere moun andikape yo tankou yon objè, yon esklav menm jan sou tan lakoloni.

Eske nou pa pitit menm Kreyatè ?

Anpil moun kontante pou yo abize moun andikape yo, nan fè yo tounen esklav pou pase plezi seksyèl yo, nan pratike kadejak sou yo, swa paske yo pa ka pote plent elatriye...

« Mwen te rankontre yon jenn ti fi ki pa ka pale, men ki pa gen bèl wotè, ki te vin nan konsiltasyon nan yon klinik mobil mwen te reyalize nan zòn 6^e seksyon kominal Gwomòn, nan depatman Latibonit, jenn ti fi sila a ansent paran li pa konn pou ki moun. Li menm tou li pa ka di kisa kite rive li tou »

Kounya m panse ou konprann sitiyasyon yon moun ki andikape. Nou dwe koumanse reflechi pi plis pou nou dekouvri repons pou pwoblèm sa yo ki ap ravaje peyi a. Nan pote plent douvan lajistis pou nou konbat zak vyolan sa yo.

Chapit Sis (6)

Andikape ak Devlopman

« Pise Krapo ede larivyè koule »



*Si se anpil grenn mayi ki kole sou bòk
mayi a ki bay yon bèl zepi*

Se anpil grenn wòch ki mete ansanm
pou bay yon gwo pil. Se plizyè gout pye lapli
ki wouze jaden nou ki ede nou jwenn rekòt.
Pawòl grandèt sa yo ede nou konprann tout
bon vre nou tout gen responsablite pou nou

*Diskriminasyon se chimen pèdisyon
avèk Wilmeus TAMAR*

travay pou avansman ak devlopman peyi nou.

Eske yon moun andikape pa dwe travay oswa patisipe nan devlopman peyi li ?

Mezanmi, lè map gade bagay moun andikape yo kapab reyalize, bagay yo deja reyalize tou swa nan zafè danse, kreyasyon, atizana elatriye.

Sa se yon mirak wi, nou bezwen ankouraje yo nan tout sans. Kòman nou ka rive konprann yon moun ki pa gen tou de (2) pye li menm jan ak nou rive penyen tèt li, rive ekri ak pye li epi menm mete kiyè lamanjay nan bouch li...

Sa ede nou konprann, nou tout se andikape nan sans pa nou. Nou bezwen rann nou kont, andikape pa zafè fizik la sèlman men pratik ak mantal la konte anpil pou nou rive konprann koze sila a. Si nou pa ouvri je nou, pou nou rive konprann bagay sila a, sa montre nou chita sou kategori

andikape mantal la, kategori ki pi grav la epi ki pi difisil pou jwenn solisyon tou paske maladi ki sere pa gen remèd.

Nan yon rankont ak yon moun kite gen difikilte pou wè, li te di mwen pi gwo pwoblèm li antanke moun ki gen yon defisyans vizyèl epi antanke fanm, se paske li panse li pa'p gen chans pou li te jwenn yon gason ki renmen li epi jwenn yon maryaj tou. Men, gras avèk konkou paran li ki te ede li jwenn chimen lekòl li vin etidye Syans ledikasyon malgre li pa wè.

Epi se konsa, li te vin rankontre yon mesye ki te deside pataje lanmou li avèk li nan sa yo rele maryaj la. Se konsa, li marye epi li gen pitit li kontinye ap viv lavi . Sa ede nou konprann, nou bezwen mete fen ak koze diskriminasyon an pou nou pran chimen entegrasyon an.

Nan Peyi Dayiti, Katreven Kenz pou san (95 %) moun di yo se kreyen, Sila yo ki deside mache ak Bondye Kreyatè a ki pataje reyalite Kreyen yo.

Men Senk pou san (5 %) ki rete atache san kè sote ak tradisyon yo deside pratike wout zansèt yo te trase pou yo nan relijyon Vodou a, ayibobo pou senk (5 %) pou san fanm vanyan ak gason kanson fè sa yo.

Men, poukisa tout moun sa yo di se yo pitit Kreyatè a tout bon vre, epi yo deside mache ak li san pran souf, men tout diskriminasyon sa yo kontinye ap taye banda sou latè?

Kiyès ki nan bay manti?

Kiyès ki lakòz, katreven kenz (95%) pou san an oswa senk grenn (5 %) pou san?

Poukisa katreven kenz (95%) pou san an pa ka enfliyanse senk (5%) pou san an?

Se lè koulèv mouri, pou nou wè longè li.

Koze sila a, mande pou nou pran ti chèz ba nou pou nou rebat kat la, pou nou rive replase bagay yo nan plas yo, yon mannyè pou nou pote yon solisyon

Mezanmi, wout pèdisyon an chita sou reyalite sa a. paske kozе lakay nou yo di si Kabrit di sa ki nan gòj li se ki konte ebyen mwen vle raple nou : « **byen pre pa lakay** ».

Kreyatè a te mande nou, pou nou renmen lèzòt yo tankou nou renmen pwòp tèt nou. Nou bezwen sispann mezire vwazen an nan mezi nou menm nou pa'p asepte yo mezire nou. Mwen raple nou ankò, lawouze taye banda toutan solèy poko leve.

Nou pa mèt lanati, men piton ou gen misyon pou nou jere li nan sans pou tout moun viv san traka.

Si nou pa sispann nan zafè kabrit pa regade mouton tandike yo tout manje zèb, nou gen pou nou tonbe nan kalamite ki pral tèrib pi plis pase sa nou te konn fè lè nou t'ep viv ak lòt yo kite nan sitiyasyon difisil sa yo, kote se nou menm ki te lakòz.

Pito yon moun souffri jodi a, lenjistis frè ak sè li yo ap fè li sibi swa nan travay nan lakay moun, nan biwo gwo fondasyon yo elatriye... Nan gwo òganizasyon yp, kote chodyè monte sou non timoun epi li desann sou non granmoun kip a menm nan bezwen.

Nan peyi Dayiti, mwen te viv yon eksperyans ki te tèrib anpil wi, kote nan yon fondasyon responsab yo te konn fè anplwaye yo travay tankou sou tan lakoni epi lè lamama a tonbe, li ale dirèk nan pòch gwo chèf la epi ti malere ak malerèz ki tap bourike yo pa menm ka resevwa yon ti pòsyon menm pou kwit yon mayi moulen menm.

Kote gen diskriminasyon sou fòmasyon moun yo, si ou pa konn li byen oswa pa two konn pale franse byen, ou te mèt travay tankou yon zegwi segond revèy ki ap tounen, yo pa vle ba ou lamama ki sanble ou men yo pran ou pou egare. Adyje papa, pito ou sibi abi oswa enjistis wi olye ou menm ti malere ou fè yon moun mal sila. Gen plis gras ak mizerikòd pou moun ki viktim nan epi gwo malediksyon pou sila ki lakòz sa.

Se pou rezon sa, mwen kontan lè mwen gade yon moun andikape epi mwen toujou pare pou mwen ba li tout apwi ki nan nivo pa mwen.

Zanmi mwen, pa janm ale sekle jaden kip a gen zèb, nou pa dwe tan lapli fin tonbe pou nou ale bale yon tèt mòn ki betonnen paske dlo lapli a déjà bwote tout fatra.

Men pito, nou bezwen ajì kote ki merite kout men, an nou sispann di lajan ale kay

lajan men pito lajan ale ede sila a ki pa genyen an.

Kote ki pa blese pa bezwen pansman.

Yon ti kout pye sou lwa pou entegrasyon moun Andikape yo



Tankou tout peyi oswa tout sosyete oswa tout gwoup moun gen dwa pou yo òganize yo, yon manyè pou fè pase enkretid yo sou yon seri bagay osinon pou fè tande vwa yo ak mande respè pou dwa yo, si yo remake yo pilonnen dwa yo genyen antanke moun epi antanke pitit menm Kreyatè a tou.

Lè nou gade nan deklarasyon inivèsèl dwa moun yo, ki di konsa:” Tout moun ki fèt dwe viv lib epi egal ego nan dwa yo” .

Sa rive fè nou konprann, tout peyi ki fòme nasyonzi an pa dwe gen pwoblèm diskriminasyon sa a paske zotobre yo te deja rezoud koze sa a nan lwa sila a. Men sa pa ko fini paske malgre tout gwo desizyon sa, kretyen vivan tout pakèt peyi sa yo poko vle mete yo dakò pou aplike li jan yo te prevwa sa.

Pwoblèm sila a vin koze gwo pwoblèm, nan sans sa pou pote solisyon pou pwoblèm sa , chak gwoup òganize vin oblije prepare yo epi chèche moun ki konn koze sa a pou ede yo prepare yon tèks lwa pou ede yo respekte dwa ya ak fikse yon seri sanksyon, si tout fwa yon moun ta fè yo viktim pou lalwa kapab gen pwovizyon legal pou ede yo jwenn reparasyon.

Se konsa, Biwo Sekretè Deta pou Entegrasyon Moun Andikape yo te tanmen

pwosesis sa epi se konsa, yo te rive akouche yon lwa pou regle koze sa a. Se lwa 13 mas 2012 la.

Provèb lakay nou di: « Degoute miyò pase pa pipi » oswa tikouto miyò pase zong. Se vre wi, pito ou gen yon pye poul nan men ou olye pou se yon bwa dan ki nan meno u paske baton ki nan men ou, se ak li ou pare kou epi pare so tou.

Lè mwen rale biyòt mwen pou mwen chita kalkile gwo travay sa a, mwen fini pou mwen dekouvri kouman travay la manke anpil wi pou nou fè, nou pa kapab di kay piti nap anba bwa nan koze sila a.

Pwoblèm andikap la se yon ijans li ye, ki dwe jwenn tout atasyon ki kadre nan sans ki pou pèmèt gwoup moun sa yo ki ap souffri lontan sa yo, rale yon souf epi jwenn reparasyon yo va genyen bezwen pou kontinye ak aktivite yo nan tout sans ki genyen.

Lwa sila ki gen 19 chapit ak 85 atik la, pa rive makonnen tout reyalite moun andikape yo ap viv la epi fikse santans moun ki pran plezi pou pase dwa yo anba pye.

Se pou rezon sila a, palmantè yo dwe revize lwa sa pou remanye li nan mennen ankèt ak chita bat bouch ak moun ki nan sitiyaasyon andikap yo, paske se jwè ki sou teren an ki konn kijan li santi kè li ap bat ak sou kantite doulè li santi lè yo fè fot sou li.

Nan lwa sa a, yo plis denonse ak kondane tout fòm diskriminasyon yon andikape kapab sibi, men yo pa sonje fikse sanksyon ki rezève pou sa. Chak aksyon malonèt sou yon andikape dwe gen yon sanksyon defini menm jan nou vize pou moun sa yo nan atik 75 , 76 , 77 , 78 , 79 , 80 ak pou pwofesyonèl laswenyay yo nan atik 81 an nan lwa 13 mas 2012 sou entegrasyon moun andikape yo, fòk nou klarifye mezi ki dwe pran pou lòt aksyon grav yo tou.

Kisa lwa di pou moun ki vyole yon moun andikape?

Kisa lwa di pou andikape ki nan zòn lakanpay yo?

kisa lwa di pou andikape, ki pa gen lekòl adapte yo pou yo ale pran pen lenstriksyon?

Kisa lwa a di pou sektè transpò komen an ?

Kisa lwa di pou pwomosyon lang siy la ak ekri bray nan lekòl ak travay yo ?

Se yon latriye kesyon ki poko janm reponn, kote lwa a te dwe gen dispozisyon pou sa.

Mezanmi, ann reflechi pi plis sou koze andikape yo paske gen peyi depi moun nan andikape Leta peyi a gen tan pran tout bagay sou responsabilite li pou ede moun nan vanse sou chimen devlopman ak pwogrè. Poukisa nan Peyi Dayiti, se yon ti ponyen moun ki jwenn chans sa, menm si li pa reponn tout bon vre ak sa yo gen bezwen pou yo fonksyone.

Chapit Sèt (7)

Andikape ak lavi Seksyèl

Lè Kreyatè a te fini mete tout bagay nan lanati, li te pran desizyon pou mete lezòm jere yo, jan nou te rive konprann sa nan chapit avan yo. Se konsa, li te kreye gason ak fi pou fè timoun nan moman yo kapab, pou yo fè latè vin pi bèl.

Yon Gason epi yon Fi, sa ede nou konprann kouman nou youn dwe travay pou lanmou gaye toupatou, nan tout bagay elatriye. Se nan lanmou sa a, ki pral mennen nou rive konstwi yon fanmiy ki pral fè Kreyatè lanati a plezi, paske tout fanmiy ki soti nan Kreyatè a dwe fèt avèk yon Gason epi yon Fi melanje ak timoun yo ki pral jwenn bon jan levasyon nan men yo.

Nan koze sa ki gen pou wè ak sekswalite an, nou dwe mete li nan dimansyon fondamantal sou sante moun nan ak sante mantal li. Se yon mwayen nou bezwen chèche pou nou viv byen epi konsa lavi nou pral pran yon lòt nivo.

Se tout moun ki konsène, li pa sèlman pou moun ak moun, men pito pou tèt ou avan tou. Pawòl lakay nou yo di, si ou pa renmen tèt ou li pral difisil pou renmen yon lòt moun. Kreyatè nou an te pase nou yon lòd, pou nou renmen lèzòt yon tankou pwòp tèt. Nou reyalize se yon obligasyon pou nou viv nan lanmou youn pou lòt.

Gen yon gwo savan ki te rele Sigmund Freud, ki te soulinye pou jenerasyon pase an epi pral sèvi nou pou bati lavi nou tou. Li di konsa : « Lavi seksyèl la boulvèse tout moun nan listwa yo antanke moun epi soufrans jodi a ap kondwi nou nan relasyon avan yo »

Freud, pa gade sèlman aktivite jenital la, men tout rechèch plezi elatriye... ki devlope byen bonè lakay timoun yo. Timoun yo, ki fèt gras avèk linyon yon Gason ak yon Fi, timoun yo koumanse ap dekouvri kò yo epi tanmen fè rechèch sou wòl chak bagay pati ki konstwi kò yo.

Depi nou satisfè bezwen yon ti bebe, nou kapab di nou satisfè yon bezwen sikolojik. Reyaksyon ti bebe a pral debòde nan souse dwèt nan imajinasyon li elatriye...

Nan koumansman an, ti bebe a pakab konprann tout sans plezi sa yo epi aplike yo paske li poko gen mwayen pou devlope yo. Men li kapte yo nan lespri li.

Imaj kò moun nan.

Mezanmi oooo, sa se yon pwoblèm ki souvan poze nan zafè relasyon yo. Anpil fwa, sosyete a jije moun sou aparans li.

Mezanmi pou sa ki gen pou wè ak timoun andikape yo, yo souvan vle mete yo

yon kote apa, yo konn menm vle panse yo
pa gen dwa pou gen yon relasyon
lanmourez etoutan se pa vre ditou.

Nou kapab rankontre yon moun
andikape, se vre li kapab gen sa nou rele
defisyans elatriye, men sa pa ka anpeche li
gen yon relasyon seksyèl ki dire tankou kinn
pa lèzòt yo. Se vre, li kapab limite nan
pèfòmans ekstraòdinè ou te swete jwenn
nan, men se pa yon pwoblèm si nou deside
aplike lòt mwayen pou nou jere sa.

Anpil fwa, nou souvan poze kesyon sou avni
nou ak yon moun andikape pandan nou
poze anpil gwo kesyon.

- Eske n ap kapab gen timoun?
- Eske timoun yo pa p andikape?
- Eske sosyete an pa p nwi nou?
- Eske n ap ka soti, pou nou detann
nou?

Se tout kesyon sa yo, yo souvan poze.
Men gen plis toujou, sa depan koman

sosyete a konprann sila yo ki nan sitiyaasyon Andikape yo.

Asistans Seksyèl pou moun Andikape yo

Koze sila leve plim sou do anpil moun ki bay tan yo, pou respè dwa moun ak diyite moun paske se menm plimay la nou ye. Kidonk, se nan tèt ansanm ak konpreyansyon pou nou rive debouche sou yon desizyon tout bon vre.

Lavi seksyèl, se yon dwa tout moun genyen epi pèsounn pa ka wete li nan men yon lòt. Nou dwe gade moun ki nan sitiyaasyon andikape yo, paske sosyete a souvan panse yo pa gen mwayen pou sa. Epi menm panse yo pa gen sèks, yo pa ka nan pratike bagay konsa.

Jodi a, nou kontan anpil paske lavi seksyèl pou Andikape yo antre nan desizyon entènasyonal yo, men sa pa anpeche nou debat li paske se koze ki gen pou wè ak lavi moun nan tout sans.

Nou dwe sonje, lavi seksyèl la gen de (2) gwo branch nan li:

- Satisfaksyon pou plezi a menm
- Chèche devlope yon zanmi ki kapab debouche sou lavi maryaj la.

Ki plas lanmou?

Pou koze asistans seksyèl la, moun nan bezwen yon moun pou satisfè bezwen fizik li. Ki kapab chanje sans tou, sa pral depan toujou de moun yo. Men nan akonpayman seksyèl yo, ou pa chèche anvi an men ou reponn yon bezwen seksyèl.

Si sa gen pou debouche nan plezi ki pral satisfè tou de (2) moun yo, sa pa kapab achte men pito devlope ak volonte. Yo pa ka achte lanmou, tankou lo patat nan mache peyi nou yo.

Favorize bon jan rankont

Pou moun ki nan sitistasyon andikape yo, nou bezwen ankouraje patisipe nan aktivite kiltirèl ki adapte ak sitistasyon yo epi ki makonnen ak reyalyite sosyete yo menm tou a y'ap evolye a.

Se pou sa, anpil nan yo pataje rezo sosyal la tou pou yo kapab rankontre ak moun yo swete genyen an, ki pa souvan pote twòp rezilta.

Men, si yo patisipe nan asosyasyon, nan legliz, lekòl, travay elatriye...

Konsa yo va kapab rankontre moun yo swete genyen nan lavi yo a. Se moun ki dòmi ak jan, ki konn kouman jan wonfle.

Se konsa, yo pa'p poze kesyon sa yo ankò:

- Kisa pou mwen fè, viv pou kont mwen?
- Pwostitye lavi mwen ?
- Kòman lavi mwen ap fini ?

Chapit Wuit (8)

Pwoblèm akonpayman seksyèl moun ki nan sitiasyon andikap yo dwe chita sou twa (3) wòch dife, Biyolojik, Sikolojik ak Sosyal.

Biyolojik :

Pou dimansyon sa ki lakay tout moun nan, li gen yon degre plezi moun nan souvan pa ka kontwole. Li egziste lakay zannimo yo tou, men pwiske nou fè pati klas zannimo a tou men nou gen yon gwo pouvwa pa rapò avèk yo paske nou kapab reflechi epi konprann pi klè pase dlo kokoye reyalyite lavi a. Anpil gwo savan rele dimansyon sa, dimansyon enstenktif tou paske yo di zannimo aji san reflechi.

Anpil moun ki toujou ap fouye zye pou konprann reyalyite moun nan lanati rive menm konn di, depi zye fin wè sa ki bon an epi mesaj la rive lakay sèvo a, pati ki konsène a jwenn lòd ppou di li gen yon

bagay serye ki nan kanton an. Mezanmi, sèvo a ale , se jis lè pati ki responsab la fini, sèvo moun nan pral koumanse panse sou sa'k te pase a...

Nou kapab di, nou menm nou poko kapab rive kontwole dimansyon sila. Se vre, anpil moun tante kontwole li. Men yo pa souvan rive fè sa, nan bon moman an. Nou bezwen chèche fè tout sa nou kapab pou nou kontwole li, pou nou kapab mennen yon lavi ki pi poze epi pi senp tou.

Sikolojik :

Nan dimansyon sila, moun nan rive konprann si li bezwen poze lespri li epi analize sa ki kapab rive nan koze sa a. Paske li reflechi avan tout aksyon li pral poze epi chèche konprann omwen ki rezilta li ka twouve tou. Dimansyon sa diferan de dimansyon biyolojik la.

Nan dimansyon sikolojik la, nou dekouvri twa (3) ti gwoup :

- Anvi poze aksyon, li emosyonèl
- Li gen yon relasyon ant tou de moun yo
- Li dwe lojik tou.

Se vre, se yon bezwen men tout bezwen dwe planifye tou. Anpil fwa, lè yon moun swaf dlo si ou pa poze ou pou bwè dlo a lè ou vin jwenn li, w'ap trangle. Se menm bagay la tou pou dimansyon sa a. nou bezwen poze nou, epi defini kouman nou pral pran plezi sa a.

Sosyal ak kiltirèl:

Diamansyon sa diferan ak de (2) premye yo, paske yo chak pral gen pou wè ak zòn nou menm n'ap evolye a. Paske chak peyi gen kilti ki pwòp ak yo. No upa kapab kont yo pou sa. Nou bezwen chèche adapte nou epi rive entegre kilti pèp la. Si nou aji, nan sans kontrè ak rès popilasyon, se nou menm yo pral wè ki vle gate sosyete yo a. Nou bezwen koube nou anba kilti peyi yo, menm si nou pa ta dakò ak mannyè yo a. Paske,

gen peyi nou pa kapab pale koze lanmou devan paran nou yo oswa devan moun ki pi gran pase nou tankou nan Peyi Dayiti. Koze fè bagay, rete yon sekrè ki bare ak yon papye fen pou jenès la.

Pandan jenès la, fin li tout paj liv la epi se moman sa a, paran nou yo ap rankonte kouman lè nou gen laj nou pral liv sa a, pou nou li epi nou menm antanke jèn ki pa ka di nou konnen li déjà, nou rete nan silans nou. Se lè sa pase mal, paran pral dekouvri nou si tèlman fin li liv la, menm ekriti yo disparèt.

Pou rezon sila, nou menm paran responsab nou dwe fè ledikasyon seksyèl pitit nou yo anvan pita pi tris, paske malè pa gen klaksòn. Se move ledikasyon nou yo, ki konn lakòz nou tonbe nan tchoudoum ak lavi timoun nou.

Tout sa nou panse ki sekrè pou jèn nou yo, ebyen se yo ki gaye alawonnbadè. Fòk nou sispann kite tanbou a fouye nan

raje, aprè sa pou li vin bat lakay la. Fòk li fouye andedan lakay la, pou nou ka pote koresyon pa nou, paske bouch granmoun santi men pawòl li pa santi.

Lagè avèti pa touye kokobe. Si pise krapo ede larivyè koule ebyen konsèy nou pral ede sosyete a fè yon pa anpil sou chimen devlopman.

**Tèks konplè pou ilustrasyon tèm jounen
mondyal moun andikape yo 3 desanm.**

Kite pèmèt mwen premye nan konkou a

**Patisipasyon ak Enklizyon moun andikape
se zafè pa m, se zafè pa w, nou tout
konsène.**

Depi nan kòmansman lè Kreyatè a, te
deside pou li kreye tout sa ki egziste, li te
mete yon pakèt kalite espès nan linivè
tankou: “moun, zannimo, elatriye”. Aprè
tout bann bagay sa yo, li te kontan anpil
pou bèl travay sa yo. Nan tout sa li te mete
nan lanati a, li te wè yo bon anpil, sa fè nou
sonje kòman Kreyatè a pa ka fè erè.

Kidonk, anpil bagay ka depase limit sa
je nou kapab gade ak konprann antanke
pitit Kreyatè a, men sa pa ka lakòz pou nou
kritike travay li a paske li rete yon mistè pou
nou an.

Se konsa, anpil gwo nèg Save konn eseye konpare travay kreyatè a te fè, epi menm rive mete yo anba gwo kokenn chenn kesyon, sou sa ki gen rapò ak enpòtans yo e menm sou fason yo fèt la, etan yo deside plase yo nan reyalyite lèzòm ak nan chèche makonnen travay Kreyatè a ansanm ak kinn pa nou yo.

Mezanmi, analiz sa yo konn koze gwo dega tou sou lavi pitit gason ak pitit fi kap viv sou fas tè a tou, nan mete tout kalite imilyasyon nan mitan yon sosyete. Bagay sila, konn mete gwo eskonbrit nan mitan fanmiy yo, nan travay, nan lekòl elatriye...

Depi se kote ki gen moun k ap viv, gwo problèm sa yo toujou parèt.

Pou gwo nèg Save yo, yo konn menm sèvi ak yon gwo mo pou poze gwo problèm sa.

Mo sa a se Diskriminasyon, se yon mo ki soti nan rasin mo laten yo, ki rele (*discriminatio*,

sa vle di separasyon). Vwala, nan langaj pa nou an ak nan tout lang separasyon vle di ; *pataje, bay, ak vèb li a ki se separe.*

Men kòman yo rive konprann mo sila a, nan reyalite moun ak moun nan sosyete a?

Mezanmi, sa se yon gwo kesyon nou dwe chèche repons pou li, pandan nou dwe ba li yon lòt sans nan lavi moun ak lite anpil pou nou konbat li, paske si nou se pitit menm kreyatè, nou viv nan menm espas, nou respire menm oksijèn epi nou resevwa menm solèy ak lapli.

Eske nou ka kontinye pale de bagay sa a? Nan tan lontan, lè te gen maladi ti kay la sa nou rele (Tibèkiloz la) ak lalèp la, gerisè epòk la e dapre lalwa a, yo te dwe mete moun sa yon kote pou kont li, sa vle di separe li ak lòt yo ki pa malad yo.

Soyete epòk la te jete moun sa yo, pou li pa jwenn chans pou kontamine lòt yo. Men, sa lakòz moun nan ki malad la mouri pi vit tou, paske li reflechi anpil sou lavi li ak sou mannyè sosyete li ap viv la gade li.

Gen lòt gwo Savan tou kite pale sou kesyon sa pou yo vini ak yon lòt mo pou konbat mo Diskrimination an ki se Entegrasyon epi yo menm ale pou pale sou Egalite ki dwe genyen. Lè nou chita byen, pou nou gade ak chèche limyè sou mo sa yo, nou pral rive konprann kòman yo vle rekonèt pawòl ki di :

« Tout dwèt se dwèt, menm si yo pa menm longè. » sa ede nou konprann nan tout sa Kreyatè a te fè yo, se vre yo diferan men yo gen menm valè.

Youn pa ka di li pi enpòtan pase youn, paske se kabrit menm plimay tomazo a yo tout ye. Se menm pwason kraze nan bouyon bannan ak tayo mazonbèt la, ki gen

pou misyon pwoteje kò a ak fasilite li
develope sou chimen lasante.

Ebyen se konsa, yo pral konprann pou
sa ki gen pou wè ak moun ki gen tout kalite
koulè yo, swa nwa, wouj, blanch elatriye...

se menm bagay tou, pou sila yo ki gen yon
pye, yon men oswa ki pataje pawòl yo, yon
mannyè diferan yo.

Se konsa tou, nèg ki toujou ap panse
yo, pral ba yo yon non, pou di yo se yon
gwoup moun andikape.

Eske sa vle di yo pa moun ?

Eske sa vle di yo pa gen dwa ak devwa ?
Poukisa yo meprize yo ?

Poukisa yo pa ka travay e yo pa ka santi yo
alèz nan sosyete a ?

Poukisa moun ki gen koulè diferan yo epi ki
pale lang diferan pa sibi diskriminasyon sa
yo konsa tou?

Ah, nou rive konprann kounya mo nou rele Diskriminasyon an, nou dwe lage chwal bare dèyè mo divizyon sa, kote anpil fwa yo vle sèvi ak li , pou imilye lèzòt yo pou granmesi, swa paske yo pa menm fason ak yo osinon paske yo pa gen lajan. Nou rive dekouvri, Entegrasyon an se yon tolerans men se pa yon dwa li ye, nan sans ki pi avanse yo.

Nou dwe asepte viv ak sila yo, ki gen yon andikap paske sa pa retire anyen nan yo antanke moun okontrè se nou ki pou ede yo. Anpil fwa, nou panse se sila yo ki pa gen 2 pye oswa 2 men tankou lèzòt, ki andikape osinon sila yo ki pale yon fason diferan.

Eske w te konnen tou, sila yo ki meprize yon moun ki nan kondisyon sa yo, se yon lòt gwoup andikape tou ki pi grav?

Nou dwe respekte Diyite moun ki andikape yo, jan nou li sa nan dokiman Pap Jan Pòl 2 ak Pòl VI te ekri a ki pote non:”**Lavi Moun**” nan lang laten yo di (**Humana Vitae**) kote li di:

” Nou dwe respekte ak pwoteje, lavi paske se yon bagay sakre ki soti nan Bondye”.

Se konsa, mesaj sa kòmanse gaye epi anpil peyi sou latè beni mete mwayen pou pwoteje moun ki ap viv avèk yon andikap e se konsa tout ki peyi ki mete ansanm pou bay l’ONU/ Nasyonzini te konprann nesite, pou mete yon baliz ak pou di non pou Diskriminasyon ak desizyon 9 desanm 1975 pou pran yon angajman pou pwoteje andikape yo.

Lè nou sonje 12 mas 1981 kote yo adopte lwa pou Andikape yo nan asanble Ewopeyèn nan vil Strasbourg

. Epi 23 oktòb 1982 manifestasyon andikape yo nan Peyi Lafrans.

Nou bezwen sonje, malgre lòt la diferan, men li sanble ak nou, se pou sa nou dwe pwoteje li (*cf. Humana vitae*). Nou tout ap pase, pa gen moun ki ap rete pou tou tan sou latè sa vle di nou : « ***nou egal douvan lanmò, si nou egal douvan lanmò nou bezwen antann nou*** ».

se chak grenn moun ki dwe poze yon aksyon pou konbat diskriminasyon e pou fasilite moun andikape yon entegre sosyete a pi byen, nan ba yo respè yo merite, nan trete yo menm jan nou trete tèt pa nou, nan fasilite yo aprann li ak ekri ak aprann metye yo vle, paske sila yo ki andikape yo, se fanmiy nou yo ye tou.

Nou bezwen sonje, menm si moun nan gen yon andikap toujou sonje li se moun, kidonk li gen yon non ki pwòp pou li menm, kote paran li te ba li.

Se pa non andikap la ki vrè non li, fòk nou rele li, nan non pa li (Mesye Jan, Madam Mari, men non tipye, tibout) sa yo deranje

moun andikape yo, epi rann yo santi yo meprize nan sosyete a.

Mezanmi, se sosyete a ki dwe chèche adapte'l avèk andikape yo. Se pa andikape yo ki dwe mache al rankontre sosyete a.

Pou moun andikape yo patisipe ak entegre sosyete sa, nou bezwen kreye yon bon jan espas, ki reponn bezwen yo nan nivo fizik, sosyal, kiltirèl ak Sosyal nan kominote yo, pou ede yo konprann yo se moun tankou tout moun.

Nou dwe konprann se yon pwoblèm ant moun ak moun, ki poze nan sitiyasyon sila yo ki andikape yo.

Viv byen, se mare aktivite w ak lavi sosyal la.

Kisa ki lavi sosyal pou yon andikape ?

Sila a ki andikape a bezwen moun andikape parèy li tou, pou yo dialoge, pou pataje esperyans li paske se sèl manman ki pèdi pitit ki konn doulè akouchman.

Nou kapab fini pou nou di,
patisipasyon moun andikape yo chita sou
twa (3) nivo ki se twa wòch dife pou ede yo
viv nan trankilite:

- 1) Pa dwe gen **diskriminasyon** kote
peyi yo dwe chita sou sa pou
konbat li, nan desizyon yo gen pou
pran pou nasyon an (Politik).
- 2) Nou dwe aji nan poze bon jan
aksyon pou fasilite anviwonman
an adapte ak realite a.
(asesibilite)

3) Akonpanye moun andikape yo,
Nou dwe veye pou nou wè, si dwa yo
respekte, konsa nou va kreye konfyans
lakay yo nan ede yo viv nan trankilite.
**Patisipasyon ak Enklizyon moun andikape
se zafè pa m, se zafè pa w, nou tout
konsène.**

Wilmeus TAMAR

wilmtam@gmail.com / lefilsdestemarie@gmail.com

3837 0171/4273 7029

Bibliyografi

- Lwa sou Entegrasyon Moun Andikape yo, 13 mas 2012 (Vèsyon kreyòl)
 - Declaration relative aux principes et Droits fondamentaux au Travail, BIT
 - La loi du 11 fevrier 2005, Paris-France
 - Personnes handicapees/accessibilite au logment. Paris_France
 - De l'exclusion à l'égalité, ONU/Union interparlemantaire N° 14-Genève 2007
 - Integration/ reintegration des personnes handicapees, 2-3 decembre 1999, Port-au-Prince, Haiti
-

Ede yon moun Andikape, se prepare demen ou. Wilmeus TAMAR

***Diskriminasyon se chimen pèdisyon
avèk Wilmeus TAMAR***

130